Гъагъэ, ефIакIуэ, ди Хэку уардэ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛIЫПЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ПLАНДЗРЭ КъЫДОКI

№№78-79 (22. 237) ● 2012 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 28, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Москва - Кавказ Ищхъэрэ

Гъуазджэр дунейм и гъуджэщ

Вэсэмахуэ Кремлым и Къэрал Уардэунэм щекIуэкIащ «Си Хэку сыхуоуэ, си Кавказыр согъэлъапIэ» фIэщыгъэпIэр зиIэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым гъуазджэмкIэ и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм я япэ фестиваль. Абы Урысей псом щигъэльэгъуащ Кавказ Ищхъэрэр мамырыгъэ зэрыщIэ, зэпIэзэрыту зызыужь щIыналъэу зэрыщытыр, а лъахэм ис лъэпкъхэм ящыщ дэтхэнэми хабзэ хьалэмэтхэр, зыгъэгъуэгъэнэ щымыIэ гъуазджэ, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ цIыхуэхэр зэриIэр.

МЫ ФЕСТИВАЛЬР егъэкIуэкIыщмкIэ жэрдэмкIэ кIыхэзыльхьар УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щIэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хлопонин Александрщ. Полномочнэ лIыкIуэм и жэрдэмыр зэрыкъыдэлъэу дагъэнащ округым и субъект псоми я унафэщIхэм.

Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэмкIэ и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм я фестивалым хэтыну Къэбэрдей-Балькъэрым ирида делегацим и унафэщIыр Къанокъуэ Арсенщ. Республикэм и Iэтащхэм кIыхьэрилъытэмкIэ, къэралым сыт щыгъуи щэнхабзэм и нэIэ тригъэтын, зыщIигъэкъуэн хуейщ, сыту жыпIэмэ, лъэпкъым и зэхэщIыкIыр къэзэтыныжмкIэ ар хэкIыпIэ нэхъыщхьэщ. Абы и щыхьэт нАуэхэм ящыщщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым гъуазджэмкIэ и лэжьакIуэ пэрытхэм я фестивалыр къэралым и кIалащхьэм зэрыщрагъэкIуэкIыр.

Къанокъуэ Арсен зэрыжиIамкIэ, фестивалым и мурад нэхъыщхьэр - ди псэуКIэр къэрал утыкум гъуазджэм и Iэмалхэмкlэ щигъэльэгъуэныр - хьарзынэу кIехьулIащ. Фестивалым Къэбэрдей-Балькъэрым утыку кIыщырихьащ лъэпкъ гъуазджэм и ехьулIныгъэ нэхъ ин дыдэхэр. Кремлым а пщыхьэщхьэм кIыщыдзэхуэсахэм я нэгу щIэкIащ ди республикэм хабзэ хьэлэмэтхэмрэ зыхуэбгъэдэн щымыIэ щэнхабзэрэ зэрилъыр, абы щыпсэу цIыхуэхэм творческэ зэфIэкIыщхуэ зэрабгъэдэлъыр.

Фестивалым хэтынухэр Кавказ Ищхъэрэ псом кIыщыхихащ Кремлым и Уардэунэм и режиссер, концертыр зыгъэува, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Коморовэ Марие, Кремлым и Уардэунэм и генеральнэ директорым и къуэдзэ, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Попов Игорь сымэ зи пашэ комиссэм. Концертышхуэм я зэфIэкIыр щагъэльэгъуащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым, «Балкария» къэрал фольклор-этнографие къэфакIуэ ансамблым, Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхь Къэбэрдей-Балькъэр университетым и «Каллисто» къэфакIуэ театрым, Концертым еплъыжьу гуапэу кIэлыщащ КъБР-м и цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим, КъБР-м щыхь зиIэ и артист Лосэн Тимур, КъБР-м щыхь зиIэ и артистхэ Шэрджэс Iэсият, Льэпкъ сабий саугъэтыр зрата Кьалмыкъ Тамерлан, КъБР-м и цIыхубэ артист Билан Димэ сымэ. Урысейм и цIыхубэ артист, телевидеэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ Березин Владимир щIыгъуэ концертыр иригъэкIуэкIащ КъБР-м щыхь зиIэ и артисткIэ Къэзан Сэтэней.

Концертым кьыдэкIуэу, Кремлым и адрей пэш инхэм ящыщ зыбжанэм щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балькъэрым декоративно-прикладной гуъуазджэмкIэ и лэжьакIуэхэмрэ художникхэмрэ я IэдакъэщхьэхIэм я выставкэ. Абы и уэрэтыныгъэ нэхъыщхьэу щытащ Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъум пыща Iуэхуэхэр. Къэбэрдей-Балькъэрым и художникхэм кьыззрагъэпэщащ экспозицэм щIыхьэм хуабжьу жфIэгъэщIэгъуэн хьуащ Темрыкъуэ илпхъу Гуащэнэ щыдэкIуэм щигъуэ абы пащтыхь Грозный Иван тIыгъэ кьыхуищIауэ щыта фальэм, иджы Кремлым и Оружейнэ палатэм щIэльым, кьытращыкIа фальэр, художникыр щIрыIуэ Соколов-Скаль Петр и «Къэбэрдей лIыкIуэхэр - Москва» суэрэтыр.

«Ди экспозицэр зыхуэбгъэдэн щымыIэу щIыщытыр абы щагъэльагъуэ хьэпшыпхэм хуэдэ нэгъуэщI зы щIыпIи зэрыщымыIарщ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фыдэ Руслан. - Льэпкъ фащэхэр Iэзагъ ин хэльу ягъэхьэзыращ, гъущIым кьыхэщIыкIа хьэпшыпхэм удахьэх. Апхуэдэу гъэщIэгъэнщ ди художникхэм-реставраторхэм я Iэдакъэм кьыщIэкIа сэшхуэ, кьамэ зэмылIуэжьыгъуэхэр».

Кавказ Ищхъэрэм икIа профессионалыгъ, самодеятельнэ гупхэм, ансамблхэм хэту Москва кьыщызэрагъэпэща фестивалым я зэфIэкIыр щагъэльагъуащ артист миныбм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ
Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1э.

ГуащIэрыпсэухэм я дунейпсо зэкъуэтыныгъэм и махуэр - Накъыгъэм и 1-р щагъэлъэпIэнум ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Профессиональнэ союзхэм я организацэхэм я зэгухьэныгъэмрэ республикэм и цIыхухэм

ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭР

Ди хэкуэгъу лъапIэхэ!

Накъыгъэм и 1-р - хабзэ хъуауэ, ГуащIэрыпсэухэм я дунейпсо зэкъуэтыныгъэм и махуэу кьалъытэр, Гъатхэмрэ Пэжьыгъэмрэ я къэрал махуэщхуэу ди деж щагъэльапIэр - кьоблагъэ.

Америкэм и рабочхэхэр лэжьэгъуэ махуэр сыхьэти 8 хьууэ гъэувыным теухуауэ ирагъэкIуэкIа лIыхъужьыгъэ зыхэлъ бэнэныгъэм и фэеплъу Интернационалым и II конгрессым 1889 гъэм и бадзэуэгъуэм кьищтауэ щытащ накъыгъэм и 1-р Пролетариатым и дунейпсо зэкъуэтыныгъэм и махуэу къэлыитэкIым теухуауэ унафэ. Мы гуфIэгъуэм и жьакIэпIэм дэ зэпымыууэ пIэIащIэ дыхъуурэ дыкIуэ пэтми, Накъыгъэм и 1-р дэ ди псэм кьыхэнауэ хэлъщ, Урысей иным и къэкIуэнур насыпыфIэу зэрыщытынур ди фIэщ зэрыхъуэм хуэдэу.

ПIэнныкъуищу зэхэту зэдзалажьэрэ, Правительствэм, лэжьапIэ зытхэм я зэгухьэныгъэм, республикэм и профсоюзхэм зыхуэфащэ псори ялэжь гуащIэдзкIым хуэфащэн пщIэ Къэбэрдей-Балькъэрым щиIэн папщIэ. Аэ ноби цIыхуэхэм лэжьэныжмкIэ яIэ хуитныгъэхэр кьыщыIэзэпаудкьохьу. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и экономикэм и Iэнатlэ, организацэ щхьэхуэхэм лэжьапщIэм зэрыщыхагъахьэр иджыри кьыкIэрохуу щэхуакIуэ уасэхэр кьызэрагъэтын. ПыухыкIауэ тэмэму пхужьыIэнукъым бюджет Iэнатlэм щрагъэкIуэкI реформэхэр - лэжьапщIэр зэрат IэмалыщIэхэм зэрыщыгугъам хуэдэу ираГъэфIэкIуэкъым бюджет Iэнатlэм хиубыдэхэм я псэукIэр. Ди жагъуэ зэрыхъэщIу, республикэм иджыри лэжьапIэншэу куэд щыIэщ.

Апхуэдэу щытми, Урысей Федерацым и Президентым и къулыкъум хахьи папщIэ кандидату Урысейм и профсоюзхэмми кьагъэльагъуэ Путин Владимир зэрыгъэкIуам дызыкъуэлIпэ Iэхуэхэр гъэззащIа зэрыкъунмкIэ ди фIэщхьэныгъэр егъэбыдэ. Урысей Федерацэм и Президенту хахам хэхьныгъэм и пэ кьихуэу кьытрригъэдза тхыгъэшхуэхэм щыбзыхуа социальнэ кьалэнхэр гъэззащIэным кьэралым и профсоюзхэри жьыдэру зэрызэтынум щэч хэпльхьым.

Накъыгъэм и 1-м - ГуащIэрыпсэухэм я дунейпсо зэкъуэтыныгъэм и махуэм - хэкуэу щыIэм я профсоюзхэм щIыхьбэр зыхэт Iэхуэхэр кьызэрагъэпэщ. ЛэжьакIуэхэр ёзыхэм я профсоюзхэм я къэфIэкIуэным, лэжьыгъэм ехьэлIа я хуитныгъэхэмрэ экономикэ и Iэныкьуэкlэ я сэбэп зыхэлъэкмрэ хьумэным и тельхьэу кьоуэ.

Къэбэрдей-Балькъэрым Накъыгъэм и 1-м щIэкIуэкIыну демонстрацэм профсоюзхэм кьыщагъэувынущ Урысейпсо ЦIыхубэ Фронтым и программэм кьыщIигъэльэгъуэ Iэхуэхэр ягъэззэщIэну:

лэжьапщIэр тыныжмкIэ, предприятэхэр мыльэкунщэ щыхьэрэм дэж щIыхуэхэр пщыныжьынри хэту, къэрал щэсIапIэхэр ягъэльэщыну;

бюджет Iэнатlэм хиубыдэ Iэхуэщlапlэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэр куэдкIэ нэхъыбэ ящIыну;

рабочэ классым хиубыдэу Iэщlагъэ лъагэ зиIэ гуп лъэщхэр зэтрагъэувэну;

лэжьыгъэм пщIэ хуащIыну;

рабочэ Iэщlагъэхэм яIэ пщIэр кьалэтыну;

технологие лъагэхэр кьыщагъэсэбэп лэжьапIэ Iэнатlэщlэу мелуан 25-рэ кьызэрагъэпэщыну;

организацэхэр зехьэным абыхэм я лэжьакIуэ псори хашэну.

Къэбэрдей-Балькъэрым зи Iэнатlэм хьэлэлу бгъэдэт и цIыху минхэм - рабочхэхэм, инженерхэм, мэкъумэщышIэхэм, хьэрычэт лэжьакIуэхэм - я егупчъыгъэмрэ зэфIэкIымрэ, апхуэдэу КъБР-м и Iэтащхьэм, Правительствэм, властым и Iэнатlэ псоми ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ, ди республикэм зэпIэзэрыту зиужьу йокIуэкI.

Дэ профсоюз зэщIэхъееныгъэм и хабзэхэр зэрыдэтIыгъым, цIыхуэхэм тэмэму зыхэпсэукIын лэжьыгъэ яIэныжмкIэ хуитныгъэхэм дызэрыщIэбэным тету, Къэбэрдей-Балькъэрым ис псори кьыдогъэблагъэ зэрызэкъуэтыр гуфIэгъуэ махуэшхуэм къагъэльэгъуэну, Накъыгъэм и 1-м «Захуагъэ зэтегъуэным дрителъхьэщI» кьыхуеджэныгъэм тету екIуэкIыну пэкIум, адрей гуфIэгъуэ Iэхуэхэм хэтыну.

Ди хэкуэгъу лъапIэхэ!

Гъатхэмрэ Пэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкIэ ди гуапэу дыныбохьэхьэу!

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и цIыкIэ
КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI
ГЕРТЕР И.К.

КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и цIыкIэ
КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм я унафэщI
АХЬИЙ Ф.Хь.

★★★★★★★★★★

● Хъыбар гуапэ

Мудрэн Беслъэнрэ Джэданэ Алимрэ Европэм и чемпионщ!

Мудрэнир мэбанэ *(фащэ хужь щыгъщ).*

ДызыхуэкIуэ гъэмахуэм Лондон щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм хэтынухэр щыIэзэкъагъэкI зэIущIэхэм ящыщу иужьрейр дыгъуасэ Челябинск къыщыIэзэгуахащ. Мы хьэнэ тIуащIэ зиIэ Европэ чемпионатым и ятэ махуэм гуфIэгъуэ ин къытхуихьащ - дыщэ медалхэр зыIэрагъэхьащ Мудрэн Беслъэнрэ Джэданэ Алимрэ!

КИЛОГРАММ 60-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм хэта, Урысей Федерацэм и чемпион **Мудрэн Беслъэн** пащIэдзэ зэIущIэр Болгариием кьикIа Герчев Янислав дригъэкIуэкIащ. Абы ди щIалэр зэрелIэлIэщэ щыIэкъым. КъыкIэлъыкIуэу къыпэщIэта, Монакэм щыщ Сикариди Янрэ италъян Верде Элиори Беслъэн къагъэдэзыхэфакъым.

Арати, и хьэрхуэрэгъуищи хигъащIэри, Мудрэнир финал ныкъуэм кIуащ. Абы къыщыщIэлъэрт куржы щIалэ лъэрызехьэ Папинашвили Амиран. Мыбдежми Беслъэн къыщикIуэтакъым. Ар Папинашвили ефIэкIри, финалым нэсащ.

КIэух зэIущIэр сыт щыгъуи нэхъ хьэлъэщ. Тыншу щытакъым ар Мудрэным и дежкIи. Дыщэ медалым папщIэ къеныкъуэкъу Давтян Ованес сыт щыгъуи Беслъэн и хьэрхуэрэгъу нэхъ лъэщхэм ящыщ зыт. АрщхьэкIэ зэIущIэм хуэхаха зэман псори абы тригъэкIуэдакъым: ермэлы щIалэр напIэзыпIэм къипхъуатэри идзащ, икIи текIуэныгъэ хьабзэр кьихьащ! Ар мы зэхьэзэхуэм и къэралым кьыхуахьа ятэ дыщэ медалт.

ЕтIуанэри зыIэрызыгъэхьар адыгэ щIалэщ. Европей саугъэтхэр нэхъапэми зыхуагъэфащэ **Джэданэ Алим,** сыт щыгъуи хуэдэу, щыбэнар килограмм 66-рэ зи хьэлъагъэхэм я дежщ. Абыи и ятэ хьэрхуэрэгъуэр кьытемыхьэлъащэу хигъэщIащ. Ятэ щыкIэ ар ефIэкIащ румын Фази Данэ. КъыкIэлъыкIуэу Азербайджаным щыщ Шихализада Нихьэтрэ Куржым кьикIа Шавдатуашвили Лашэрэ «иригъэкIуэтэкIащ».

(КIэухыр 2-нэ нап.).



Джэданэ Алим

● Обозревателым и псалъэ

Чикагэ къыщожьэ

МЫ ГъЭМ илъэси 123-рэ ирокъу дунейм и къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм Накъыгъэм и 1-р илъэс къэс зэрыщагъэлъапIэрэ. 1889 гъэм II Интернационалым и Конгрессым унафэ кьыщащтауэ щытащ а махуэр лэжьакIуэбгъэм игъэлъэпIэн хуейуэ, 1886 гъэм США-м и Чикагэ кьалэм щекIуэкIа зэщIэхъеенныгъэм хэкIуэдахэм я фееплъу. А махуэм США-м, Канадэм я кьалэ зыбжанэм я гуащIэрыпсэухэр уэрамхэм кьыдыхьат, тепщэ гупхэм я гущIэгъуншагъэ ягу темыхуэу. Абыхэм кьагъэувырт лэжьэгъуэ зэманыр сыхьэти 8-м хуагъакIуэну. Псом хуэмыдэу лей щыIэрахьар Чикагэщ. Абы щыIэхуэсахэм полицэр IэщэкIэ яхэуащ. ЦIыху зыкъом хэкIуэдащ, фIэбжь зыгъуэтахэр нэхъыбэжщ. Яубыдахэр ягъэхъуэнщащ террорист щIэпхъаджагъэ ялэжьауэ. ПцIы тралъхьэри, цIыхуи 4-м я щхьэхэр палъащ. А хъыбар гуауэр дуней псом щызэлъащIысащ. Мис аращ ГуащIэрыпсэухэм я зэакъыпэгъуныгъэм и махуэу накъыгъэм и 1-р кьэлъытэгъи кьызыхэкIар.

ЛэжьакIуэхэр кьызэрымыкIуэу гущIэгъуншэу щыдакъуэуэ Урысейм, зэрыгурыIуэгъуэщи, а махуэр ягъэлъапIэну хуит щащIу щытакъым. АрщхьэкIэ цIыхуэхэр щэхуу зэхуэсырт. Ахэр кхъуаф эжьейхэмкIэ псым техьэрти, Iуфэм жьжьэу IукIырт. Мис апхуэдэ зэхуэсхэм щытепсэльыхьырт щхьэхуит хьун, я псэукIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ яхэзжьын хуейхэм.

Япэ дыдэу Урысейм зи гугъу тщIы гуфIэгъуэгъ наIуэу икIи Iэтауэ щагъэлъэпIащ 1818 гъэм. Абы льандэрэ ар ГуащIэрыпсэухэм я зэакъыпэгъуныгъэм и махуэу къалъытэу къекIуэкIащ. А махуэм къэралым и щыхьэр Москвеи, кьалэхэми, куейхэми пэкIуэр щрагъэкIуэкIырт, радиом кьыIукIырт хуэдэ-хьэхуэр. ЦIыхуэхэр нэжэгужэт, къафэрт. ГуфIэгъуэр махуитIкIэ яIэтырт. ЕтIуанэ махуэм шыхэр кьызэдагъажэрт, спорт зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIырт, концертхэр ятырт. КIэщIу жыпIэмэ, мы махуэр ящыщщ СССР-м нэхъ ину иIэт гуфIэгъуэхэм.

СССР-р щылъэлъэжьым, дауи, а гуфIэгъуэм и мы хьэнэр ягъэкIуэдыжащ. Иджы Накъыгъэм и 1-р Гъатхэмрэ Пэжьыгъэмрэ я махуэщ. АрщхьэкIэ цIыху куэдым иджыри кьаалъытэ ар ГуащIэрыпсэухэм я зэакъыпэгъуныгъэм и махуэу. Абы и щыхьэтщ коммунистхэм, нэгъуэщI сэмэгу къарухэм ди къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыщызэрагъэжьэрт. Мы гъэми коммунистхэм загъэхьэщыр цIыху куэд зыхащэу я гуфIэгъуэр яIэтыну.

Къэрал унафэщIхэм кьабгъэдэкI зэхъуэкIыныгъэхэри щыIэщ. Къапщтэмэ, Правительствэм унафэ кьыдигъэкIащ накъыгъэ мазэм и пэщIэдзэм цIыхуэхэм махуэ нэхъыбэкIэ зрагъэгъэпэсэхуну. Апхуэдэу абы и мурадщ илъэсыщIэм и ятэ мазэм и зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм ящыщ Iыхьэ накъыгъэм и пэщIэдзэм кьигъэIэпэхъуэну. Ар и щыхьэтщ майм мазэ дахэм егъэщIылIа гуфIэгъуэр дяпэкIи зэращымыгъупщэнум.

ЖьтIэнщи, Накъыгъэм и 1-р хэку зыбжанэм къэрал гуфIэгъуэу щыщытщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Къэзахъстаным ар щагъэлъапIэ къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтныгъэм и махуэу.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.



ЩIалэгъуалэ насыпыфIэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

■ Гъуэгу къежьапIэ ■ Дунейпсо Адыгэ Хасэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Щэбэт къыдокIыгъуэ ■ Малъхэдис

ДУНЕЙМ ЩIЫКЪЫБАРХЭР

Парадым зыхуагъэхьэзыр

Хэку зауэшхуэр совет цIыкубэм и ТекIуэныгъэ ИнкIэ зэриухра илъэс 67-рэ зэрырикъум иращIылIэну гуфIэгъуэ зэхьэхьэхэм ящыщыгъ Мэзкъу и Ут ПIлыжьым щекIуэкIыну параду.

Ар зэрекIуэкIыну щыкIэм зэрызыхуагъэхьэзыр Iухэгугъэхэр дыгъуасэ жащым кьалащхьэм и Ут нэхъыщхьэм щызэхэтащ, Урысей Федерацэм Iэщакlэ Зэщ1эузэда и Къарухэм я дзэ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм я лIыкIуэхэр ирихьэлIэу.

КъыкIэлъыкIуэ жащ зыгъэсэныгъэхэр мэлыжьыхьым и 30-мрэ накъыгъэм и 3-мрэ щыIэнущ. Накъыгъэм и 6-м парадыр зэрыхьэзырыр иужьу кьапщытэжьынущ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 28, щэбэт

▯ **Астрономием и дунейпсо махуэщ**

▯ **Лэжьыгъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

▯ 1902 гъэм кьалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Дышэкl Мухьэмэд.**

Дунейм и щытыкIэнур

Нобэ республикэм пшэр техьэтекIуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэу градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыIэнущ.

Мэлыжьыхьым и 29, тхьэмахуэ

▯ Илъэс блыщI и пэкIэ **Къардэн Кьубатий** Ленин орденыр етIуанэу кьратащ.

▯ Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIар зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым «Палуч» япэ адыгэ балетыр 1964 гъэм щагъэуващ.

Дунейм и щытыкIэнур

Республикэм пшэ мащIэ щытелъынущ. Махуэм хуабэу градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 13 - 16 щыIэнущ. Накъыгъэм и 6-м парадыр

Мэлыжьыхьым и 30, блыщIэ

▯ 1945 гъэм **Егоров Михаилрэ Кантарие Мелитонрэ** ТекIуэныгъэм и Бэракъ ПIлыжьыр Берлин и Рейхстагым щыфIадзащ.

▯ КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Дау Руслан** 1949 гъэм кьалъхуащ.

▯ Бзэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щоджэнщ1ыкIу Нинэ** кьыщалъхуа махуащ.

Дунейм и щытыкIэнур

Республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэу градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 12 - 16 щыIэнущ.

Накъыгъэм и 1, гъубж

▯ 1941 гъэм Налшык сабий стадион кьыщызэIухащ.

▯ Къэбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Къэббалъкъутрист» ОАО-м и генеральнэ директор **Кьалэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

▯ 1943 гъэм кьалъхуащ кьэрал, политикэ лэжьакIуэ **Изхущ Зауэрбий.**

Дунейм и щытыкIэнур

Республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэу градус 22 - 25-рэ, жэщым градус 14 - 18 щыIэнущ.

Накъыгъэм и 2, бзэражьей

▯ Пионерхэм я унэ 1934 гъэм Налшык кьыщызэIухахащ.

▯ СССР-м и Дзэ ПIлыжьым 1945 гъэм Берлин кьыщтащ.

▯ КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, бзэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Урыс Хьэтэлий** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

Республикэм пшэр техьэтекIуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэу градус 19 - 22-рэ, жэщым градус 13 - 17 щыIэнущ.

ПIлэнэгъэр зыгъэхьэзырыр **ЖЫЛАСЭ Заурбечщ.**

Лъэпкъ Iущыпсъ:

ЛIыгъэм Iэщэр хуэжьIэщIэщ.

● Жылагъуэ Іуэху

Щхьэгъуэш Адэлбий ныбжьыщІэхэм захуегъаэз.

ЗыгъэпІейтейр мащІэкъым

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгъуэш Адэлбий Налшык къалэ дэт «Синдика» хьэщІэщым мэлыжьыхьым и 20-м щаІущІащ ди республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэс щІалэгъуалэм. ЭмуцІэм хэтащ КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и министр Хьыжьрокъуэ Сультіан, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и пресс-Іуэхущапіэм щылажьэхэр, журналистхэр.

КЪАПЩТЭМЭ, зэхьихьэм къекІуэлІат Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым, абы кьегъэщІылІа колледжэм, Къэбэрдей-Балькъэр мэкъумэш академием, Гъаэзджэкъэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым, Бизнесымкіэ институтым я лыкІуэхэр.

НыбжьыщІэхэм яхуэгъэза и псальэм Щхьэгъэушым кьыхигъэщащ гу зылыптапхъэ Іуэхугъуэхэр. Иужьрей илъэси 10-15-м къэралым зэхъуэжьныгъэрІ куэд кьыщыхъуащ. «Къэрал, уней кьулыкъущІапІэхэм щІэныгъэ уимыІэу дяпэкІэ ущылажьэфынукъым, Іулъхьэ епту Іэнатіэ уувами. Араши, зэманым кьеззэгъыжьрыкьым диплом кьащэхухэр. Уи Іэщіагъэмкіэщ, кьэбгъэлъагъэ зэфІэкІымкІэщ Іуэхур зэрыпхъэжьгъэ тэнур. Ар кьыгурыІуапхъэщ зэманым дэбэкъуэну хуей дэтхэнэ зыми», - жиІащ Щхьэгъэушым.

Депутатым и пэублэ псальэм кІэлъыкІуэу, зыр зым пэджэжу, я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ зэдзэгуэшэн щІадзащ. Ямэу псальэ лъагъэсащ мэкъумэш академием щеджэхэм я советым и унафэщым и къуэдзэ Бищіо Руэранэ:

- Ди зэгухьанысыгъэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ, - жиІащ абы, - гъащІэм щекІуэкІ зэхъуэжьныгъэщІэхэм жьдкэру пэджэжь ныбжьыщІэхэр кьэхуэтэныр, ахэр гъэзгушхэныр, политикэ Іуэхуэхэм хэщэныр. Абы и лъэныкъэкІэ дэ дызыдэлажьэр кьыддеджэхэм я закъуэкъым, атІэ щІэх-щІэхыуэр докІуэ республикэм и куейхэм щыІэ курыт еджапІэхэм. ЩІэблэм ядедгъэкІуэкІ зэІуищІэхэм мэкъумэшым зиужьыным теухуауэ кьэралым иригъэкІуэкІ политикэм дыщытопсэльыхь.

Щхьэгъуэш Адэлбий кьэпсэльам чэнджэщ пыухьыкІахэр иритри, «Іулъхьэм дауэ фыхущыт?» гупсысэр яхидзащ щІалэгъуалэм. А уэрэд зэІущІэм щІэсхэм яущыщ куэдыр игъэпІейтеящ. БизнесымкІэ институтым щеджэ Мэршэнкъул Темболэт кьыхигъэщащ Іулъхьэкіэ уеджэнкьр зэмангъэкІуэдэ зэрыхьур къэзэрыгурымыІуэр, кьэралым щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр щІалэгъуалэм ящыщ куэдым кьыззэрыраукІыдзэр игу кьыззэреуэр:

- Языныкъуэхэм зэрагугъэу, абыкІэ зэран хъур щхьэхынагъэракьым. АтІэ, - жиІащ Мэршэнкъулым, - иджырей щІалэгъэуащэм, адрей цІыхухэми хуэдэу, жылагъуэ гъащІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зебгъэхъуэжьныгъэ теухуауэ фІэщхьыныгъэ эзрахэмылырщ. Апхуэдэ щытыкІэм зебгъэхъуэжьын папщІэ, нобэрей щІэблэм ядэлэжьэфын цІыхуш нэхъыбэу дызыхуейр, - кьыхигъэщащ Темболэт.

Зэхьихьэм щІэсахэр зэдзэрэзыщ республикэм и унафэщІхэм щІэх-щІэхыуэр яхуэзэн зэрыхуеймкІэ. Апхуэдэ зэІущІэхэм щхьэхуауэ щытепсэльыхьыпхъэщ ныбжьыщІэхэр нэхъ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм: Іулъхьэм, экономикэм, экстремизмым. Мы иужьрейм теухуауэ зэІущІэм куэд кьыщапсэльащ. Ямэрауэ, сыт кьызыхэкІыр щІалэгъуалэр пхъашагъэр зэбгкІ дуней тетыкІэм, дин еплъыкІыхэм дихьхьыныр? ЕтІуанэрауэ, сыт апхуэдэ гупсысэкІэ зэблэщам пэщІэдгъэувэ хьуну дэ диІэр? А упщІэхэм я жэуапу мы зэхуэсым куэд кьыщапсэльащ, ауэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, щІалэгъуалэр зыгъэпІейтей псор мыбдеж щыІэпкърыхьа хуэкалым. Абы кьыкІраращ, мыпхуэдэ зэхуэсхэр нэхъыбэу егъэкІуэкІыным щІалэгъуалэмэ жылагъуэми яфІ хэльщ.

КЪУМАХУЭ Асльэн.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Сабий творчествэмкІэ унэм и «Кавказ пщэплъхэр» ансамблыр республикэр зэрыгушхуэ къэфакІуэхэм ящыщщ. Налшык щекІуэкІ зэхъыхьхэм хэтхэм я гукъыдэжьыр зыІэт, цыхухэм дорэгъэуэ езыт ансамблым и ехьылІэныгъэхэм хигъэхьэну ди гуапэщ.

КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щыхъ зиІэ и ансамблкІуэ Тхъэмокъуэ Мартин ансамблыр кьыщыхъуригъэпэща 1988 гъэм абы и тхыдэ дахэр кьыщожьэ. Илъэс 24-м кьриубыдэу Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм Тхъэмокъуэм гуп зыбжанэ кьыщигъэкІащ. Абы и дэІэпыкъуэгъуэ балетмейстерхэу УФ-м щыхъ зиІэ и артисткІэ Шортэн Аллэрэ Дзыхьмыщ Асльэнрэ. Ансамблыр гупитІ мэхъу - нэхъыщІэрэ (илъэси 10 - 13), нэхъыжьрэ (илъэс 13 - 16). Илъэси 6-8 кьуэр лъпкъ къафэм щыхуаГасэ школи иІэщ.

Ансамблыр хэтащ Урысейм, Франдзым, Тыркум, Абхъазэм, Германием, Польшэм, Украинэм, нэгъуэщІ щыпІэхэм щекІуэкІ фестивалхэм. КъафакІуэхэм я зэпеуэу щыпІэ зэхуэмыдэхэм щекІуэкІхэм жьыдэру зыкьыщагъэльагъуэ. Апхуэдэ зэхьихьэхэм зыбжанэрэ ящэ, етІуанэ увыпІэхэр кьыщахьащ.

Ансамблым и гуп нэхъыжьым хэт къафакІуэхэм я гупсысэхэм фыщыдогъэгъуэзэ:

Къарэ Линэ: - Ящэ классым сыщІэху си адэ-анэм мы ансамблым сыкьыхагъэхьащ. Абы щыгъуэ яджыри къафэм и мыхьэнэр кьызгурыІуэр тэкъым, ауэ сыкьыдэжьуэтея и къэхъуэжьыгъэ Тхъэмокъуэ Мартин ансамблыр щыщІэкъым. Абы и лъэныкъэкІэ дэ дызыдэлажьэр кьыддеджэхэм я закъуэкъым, атІэ щІэх-щІэхыуэр докІуэ республикэм и куейхэм щыІэ курыт еджапІэхэм. ЩІэблэм ядедгъэкІуэкІ зэІущІэхэм мэкъумэшым зиужьыным теухуауэ къэралым иригъэкІуэкІ политикэм дыщытопсэльыхь.

Щхьэгъуэш Адэлбий кьэпсэльам чэнджэщ пыухьыкІахэр иритри, «Іулъхьэм дауэ фыхущыт?» гупсысэр яхидзащ щІалэгъуалэм. А упщІэм зэІущІэм щІэсхэм ящыщ куэдыр игъэпІейтеящ. БизнесымкІэ институтым щеджэ Мэршэнкъул Темболэт кьыхигъэщащ Іулъхьэкіэ уеджэнкьр зэмангъэкІуэдэ зэрыхьур къэзэрыгурымыІуэр, кьэралым щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр щІалэгъуалэм ящыщ куэдым кьыззэрыраукІыдзэр игу кьыззэреуэр:

- Языныкъуэхэм зэрагугъэу, абыкІэ зэран хъур щхьэхынагъэракьым. АтІэ, - жиІащ Мэршэнкъулым, - иджырей щІалэгъэуащэм, адрей цІыхухэми хуэдэу, жылагъуэ гъащІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зебгъэхъуэжьныгъэ теухуауэ фІэщхьыныгъэ эзрахэмылырщ. Апхуэдэ щытыкІэм зебгъэхъуэжьын папщІэ, нобэрей щІэблэм ядэлэжьэфын цІыхущ нэхъыбэу дызыхуейр, - кьыхигъэщащ Темболэт.

Зэхьихьэм щІэсахэр зэдзэрэзыщ республикэм и унафэщІхэм щІэх-щІэхыуэр яхуэзэн зэрыхуеймкІэ. Апхуэдэ зэІущІэхэм щхьэхуауэ щытепсэльыхьыпхъэщ

Генерал-майор Къаз-Джэрий СулътIан.
Сурэтыр Костромин Михаил *ищIащ. 1997 гъэ*

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Япэ адыгэ тхакIуэ

Къаз-Джэрий СулътIан къызэралъхурэ илъэс 205-рэ ирокъу

**УРЫС ЛИТЕРАТУРЭМРЭ щэнхабзэмрэ ину зыщаужьа, лъэпкъ щхьэхуитIыжакIуэ зэщIэхъеенымкIэ лъэщу зыкъыщиIэт лъэхъэнэм ирохьэлIэ Кавказыр къэгъазэ имылЭжу Урысейм щыгухьар. Урыс щэнхабзэ пэрытым и нэхур ятепсащ 1917 гъэм и пэкIэ тхыбзэ зимыIауэ Кавказ Ищхъэрэм иса лъэпкъ цIыкIухэм (абыхэм Къэбэрдейри, Шэрджэсри, Адыгейри яхэту). ЕпщыкIубгъуанэ лЭщIыгъуэм абыхэм ахъэкIащ яп щIэныгъэлIхэр, тхакIуэхэр, журналистхэр. Я цIэ къитIуэнщ урыс литературэмрэ щэнхабзэмрэ зи гупэр хуэзыгъэзахэу Нэгумэ Шорэ (1794 - 1844), Къуэдзокьуэ Лакъумэн (1818 - 1883), Къаз-Джэрий (1807 - 1863), ХьэтIохъущокьуэ Къазий (1841 - 1899), Хъан-Джэрий (1808 - 1843), КIашэ Адэлджэрий (Къалэмбий, 1840 - 1872), Ахъмэтыкъуэ Къазибэч (1870 - 1929) сымэ. Аэр псори Урысейм щеджащ. Я тхыбзэ зэрагъэпэщын зэралъэмыкIам къыхэкIыу, зэрытхэуи щытар урысыбзэщ. Пушкиным зэрыжиIащи, ахэм урысыбзэр «Iэ ззу, жьэнахуэу икIи шэрыуэу» кьагъэIурыщIэрт.

А лъэхъэнэм езы урыс дыдэхэм яфIэгъэщIагъэхэм хъурт, Белинский В. Г. зэритхауэ, «адыгэр урыс тхакIуэхэм я сатырым зэрыхэуэвэр икIи ар пщIэ зыхуащI литератор куэдым нэхъыр нэхъ Iэзэу урысыбзэм зэрыхуэщэрыуэр».

Япэ шэрджэс тхакIуэхэм, еджагъэшхуэхэм щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр куууэ яджщ, дунейпсо, урыс классикэ литературэхэр фIыуэ зэрагъащIэри, къызыхкIа лъэпкъым и сабэп зыхэлъ кьалъыхъуащ, адыгэр Урысейм и щэнхабзэ пэрытым ешэлIа хъуным я къару ирахьэлIащ. АбыкIэ сэбэп кьахуэхъуащ лIакьуэлIэщ революционер Грибоедов А. С., декабристхэу Кюхельбекер В. К., Одоевскэ А. И., Бестужев-Марлинскэ А. А., Якубович А. И. сымэ, ермэлы зэкъуэшхуэ Бебутовхэ, куржыхэу Чавчавадзе Ильяр Орбелиани Григолрэ. Кавказым и цIыху пэрытхэр Урысеим и лIакъуэлIэщ революционерхэм я телъхьэт. Кавказым и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ псынщIэу заужьыныкIэ щыIэ хэкIыпIэфIхэр яубыхуурэ, абыхэм кьагъэлъагъуэрт мамырыгъэ щыгъэIуэным, урысхэмрэ бгырысхэмрэ ныбжьыгъуэкIэ зэшIлIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Сенат утым къыщыхъуа зэщIэхъеенымгъэм и ужькIэ, декабрист куэд, я офицерыгъэр трахыгъэ, Кавказым щыIэ дзэхэм я къагъэкIуат. Абыхэм я гъэзэгу адыгэхэм я щIынальэм кIуэцIрыкIт. ИкIи Бестужев-Марлинскэ Александр зэрыжиIауэ, «Кавказ курыхым» щалъагъу дахагъым и закъуэтэкъым декабристхэр дэзыхьэхыр, абыхэм «зэрагъэщIэну хуейт бгырысхэм я зэхэтыкIэр, я хабзэхэмрэ я хьэл-цIнхэмрэ».

Адыгэхэм я гукъэкIыжхэм фIыкIэ къыхощыж урысхэмрэ бгырысхэмрэ зэпэгъунэгъу хъуныр зыфIэкъабылу щыта декабристхэр. Абыхэм ябыгьт пащтыхым Кавказым щригъэкIуэкI хъунщIакIуэ зауэр, бгырыс лъэпкъхэр зыгъэуцIуй политикэ мыхъумыщIэр.

«Кавказыр мамыру бгъэпсэуи, дуней жэнэтыр Евфрат къыщывмылъыхъуэ... Ар мыращ, мыбджащ здэщыIэр», - жиIэрт Бестужев-Марлинскэм. Декабрист Розени и хэку щыкIуэжьым итхыгъащ: «Узыншэу, Кавказ! Уэ узыгъэбжьыфIэ дахагъэм къыхрехъуэ уи деж щыпсэухэм я зэIуэзэпэщ гъащIэри».

Адыгэ тхакIуэшхуэ КIэрашэ Тембот «Революцэмрэ бгырысымрэ» журналым 1932 гъэм тридзэ тхыгъэм пэжу къыщигъэлъэгъуащ Iэмалыншагъэм ирихуIлIэу зы шэмал лъэпкъым игъуэтэ дуней тетыкIэр абы и хьэл-цIнэ пIуатэ зэрымыкъунур, адыгэ лъэпкъыр, и щхьэхуитыныгъэр ихъумэжурэ, зауэ Iуэхум нэхъ хуэгъэпса зэрыхьуар, и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ заригъэужьыну Iэмал зэримыIар езым зэримызэраныр.

АтIэ, илъэсипщI зыбжанэкIэ Урыс-Кавказ зауэм и пэжыпIэр зэрыщIауфэным хэтащ, пащтыхь генералхэм Шэрджэсым, Дагъыстаным, Шэшэным щызэрахьэ залымыгъэр ягъэзахуэу, мысэр хей ящIу буржуазнэ тхакIуэхэм Iуэхур зэрыщымыту ятхырт, Кавказ лъэпкъхэр лъыифхэу икIи гущIэгъуншэхэу жаIэурэ Iэджэпщ яIуатэрт, уеблэмэ бгырысхэм гущIэгъуншагъэр я хьэлу къыщIрагъэдзыну хэтт.

Ижь-ижьыж лъандэрэ урыс лъэпкъ гуры хуэм пэшэгъу хуэхъуныр яфIэкъабылт бгырысхэм. Ауэ пащтыхымрэ лъэпкъ псомрэ зыкъым, езы урыс лэжьакIуэбэри арат зыгъэпщылIыжыр.

А лъэхъэнэм езы урыс дыдэхэм яфIэгъэщIагъэхэр хъурт, Белинский В. Г. зэритхауэ, «адыгэр урыс тхакIуэхэм я сатырым зэрыхэуэвэр икIи ар пщIэ зыхуащI литератор куэдым нэхъыр нэхъ Iэзэу урысыбзэм зэрыхуэщэрыуэр».

Япэ шэрджэс тхакIуэхэм, еджагъэшхуэхэм щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр куууэ яджщ, дунейпсо, урыс классикэ литературэхэр фIыуэ зэрагъащIэри, къызыхкIа лъэпкъым и сабэп зыхэлъ кьалъыхъуащ, адыгэр Урысейм и щэнхабзэ пэрытым ешэлIа хъуным я къару ирахьэлIащ. АбыкIэ сэбэп кьахуэхъуащ лIакьуэлIэщ революционер Грибоедов А. С., декабристхэу Кюхельбекер В. К., Одоевскэ А. И., Бестужев-Марлинскэ А. А., Якубович А. И. сымэ, ермэлы зэкъуэшхуэ Бебутовхэ, куржыхэу Чавчавадзе Ильяр Орбелиани Григолрэ. Кавказым и цIыху пэрытхэр Урысеим и лIакъуэлIэщ революционерхэм я телъхьэт. Кавказым и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ псынщIэу заужьыныкIэ щыIэ хэкIыпIэфIхэр яубыхуурэ, абыхэм кьагъэлъагъуэрт мамырыгъэ щыгъэIуэным, урысхэмрэ бгырысхэмрэ ныбжьыгъуэкIэ зэшIлIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Сенат утым къыщыхъуа зэщIэхъеенымгъэм и ужькIэ, декабрист куэд, я офицерыгъэр трахыгъэ, Кавказым щыIэ дзэхэм я къагъэкIуат. Абыхэм я гъэзэгу адыгэхэм я щIынальэм кIуэцIрыкIт. ИкIи Бестужев-Марлинскэ Александр зэрыжиIауэ, «Кавказ курыхым» щалъагъу дахагъым и закъуэтэкъым декабристхэр дэзыхьэхыр, абыхэм «зэрагъэщIэну хуейт бгырысхэм я зэхэтыкIэр, я хабзэхэмрэ я хьэл-цIнхэмрэ».

Адыгэхэм я гукъэкIыжхэм фIыкIэ къыхощыж урысхэмрэ бгырысхэмрэ зэпэгъунэгъу хъуныр зыфIэкъабылу щыта декабристхэр. Абыхэм ябыгьт пащтыхым Кавказым щригъэкIуэкI хъунщIакIуэ зауэр, бгырыс лъэпкъхэр зыгъэуцIуй политикэ мыхьэмыщIэр.

«Кавказыр мамыру бгъэпсэуи, дуней жэнэтыр Евфрат къыщывмылъыхъуэ... Ар мыращ, мыбджащ здэщыIэр», - жиIэрт Бестужев-Марлинскэм. Декабрист Розени и хэку щыкIуэжьым итхыгъащ: «Узыншэу, Кавказ! Уэ узыгъэбжьыфIэ дахагъэм къыхрехъуэ уи деж щыпсэухэм я зэIуэзэпэщ гъащIэри».

Адыгэ тхакIуэшхуэ КIэрашэ Тембот «Революцэмрэ бгырысымрэ» журналым 1932 гъэм тридзэ тхыгъэм пэжу къыщигъэлъэгъуащ Iэмалыншагъэм ирихуIлIэу зы шэмал лъэпкъым игъуэтэ дуней тетыкIэр абы и хьэл-цIнэ пIуатэ зэрымыкъунур, адыгэ лъэпкъыр, и щхьэхуитыныгъэр ихъумэжурэ, зауэ Iуэхум нэхъ хуэгъэпса зэрыхьуар, и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ заригъэужьыну Iэмал зэримыIар езым зэримызэраныр.

АтIэ, илъэсипщI зыбжанэкIэ Урыс-Кавказ зауэм и пэжыпIэр зэрыщIауфэным хэтащ, пащтыхь генералхэм Шэрджэсым, Дагъыстаным, Шэшэным щызэрахьэ залымыгъэр ягъэзахуэу, мысэр хей ящIу буржуазнэ тхакIуэхэм Iуэхур зэрыщымыту ятхырт, Кавказ лъэпкъхэр лъыифхэу икIи гущIэгъуншэхэу жаIэурэ Iэджэпщ яIуатэрт, уеблэмэ бгырысхэм гущIэгъуншагъэр я хьэлу къыщIрагъэдзыну хэтт.

Ижь-ижьыж лъандэрэ урыс лъэпкъ гуры хуэм пэшэгъу хуэхъуныр яфIэкъабылт бгырысхэм. Ауэ пащтыхымрэ лъэпкъ псомрэ зыкъым, езы урыс лэжьакIуэбэри арат зыгъэпщылIыжыр.

Кавказми пащтыхьыр къэкIуат и пщылIхэм я бжыгъэр нэхъыбэ ищIыну. Адыгэхэм Iэщэр яIэщIэлъу зауэм IукIуадэмэ нэхъ кьащтащ щыIэ хьу нэхьрэ.

Маркерэ Энгельсрэ я нэIэ кьыгращэтт Кавказым зауэр зэрыщекIуэкIым икIи зэрахуэфэщэнкIэ пщIэ къыхуащIащ адыгэ лъэпкым и щхьэхуитыныгъэр зэрихъумэжым. Маркс а зэманым мыпхуэдэу ятхащ: «Адыгэ хахуэхэм артуэру урысхэм я деж текIуэныгъэфI зыбжанэ къыщахьащ. Лъэпкъхэр, зыщегъасэ абыхэм я деж, щхьэхуитыр кьэнэжыну хуей цIыхухэм яхуэзфIэкIыр зэвгъэльагъуэ».

Адыгэхэм яхэлъ лIыхъужьыгъэшхуэр дуней псом яфIэтелъджэт. ИкIи Мэжкрыи, Алыджым, Польшэм, нэгъуэщI къэралхэми кьикIа революционерхэри адыгэ зауэлI мэхъэшашхэм ядэзауэрт.

Грибоедоври, Лермонтоври, Толстой Леви Кавказым щхьэусыгъуэ зырыз яIэу къэкIуат, ауэ ахэр зэдарэгъут пащтыхым Кавказым щызэрихьэ мыхъумыщIагъэр щысхьыншэу сэтей кьащIкIэ. Езыхэм щIэ хуащIыртт бгырысхэм, фIыуэ ялъагъурт абыхэм я Iуэрыуатэр.

Пушкиныр тIэуней щыIащ ди хэкум. Абы адыгэхэр жагъуэу илъагъуртэкъым, нэ жанкIэ кIэлъыплъырт я гъащIэм, пщIэшхуэ яхуищIырт хуитныныгъэр фIыуэ зэралъагъум щхьэкIэ, фIэгъэщIэгъуэнт хьэщIэм кIэлъыдзэрахьэ хабзэр, нэмысыр, лIыгъэр. ПщIэнши хъуакъым Кавказым зэрыщыIар - ди щIынальэм теухуа уэсэхэр, поэмэхэр итхащ.

«ЩIыпIэ хуэныкъуэ. Абы сыт хуэдиз поэзие къыщызгъуэта, сыт хуэдиз гурыфIыгъуэ щызгъэунэхуа!» - жиIэу и Iыхьлы Павлищевым хуиIуэтэжат здэщыIар къызэрыщыхьуар. Урыс тхакIуэшхуэр и тельхьэт бгырысхэр фIырыфIкIэ Урысеим гуэгъэхэ-ным. Зэман кIыхькIэ Кавказым щыIащ Лермонтов Михаил. Абы куууэ щыгъуазэ зищIат бгырысхэм я псэкупсэ щэнхабзэм, я хьэл-цIнным, я хабзэхэм, я псэукIэм, дуней тетыкIэм.

«Кавказырыс» зыфIищащ и очеркым, и щхьэм тритхыхьыжам, усакIуэм щыжеIэ: «ЛIыхъужьыгъэ зыхэлъ лъэпкъым и Iуэрыуатэ усэбзэкIэ тхам ар итхъэкъуат (*зи гугъу ищIыр адыгэхэрщ - Хь. М.*), бгырысхэм я хабзэхэмрэ я хьэлхэмрэ хъарзынэу къыгурыIуат, я пелуанхэр я цIэкIэ зэригъэщIат, я лъэпкъ нэхъыщхьэхэр къызыхэкIахэр игу ириубыдат».

УсакIуэм и тхыгъэхэм увыпIэшхуэ щеубыд «Урысеймрэ Кавказым ис лъэпкъхэмрэ» темэм. Лъэпкъхэр щыплIыпIэм иригъэувэн, абыхэм я щIынальэ и хуитныныгъэ ятрихьин мурадкIэ, пащтыхьым Кавказым щригъэкIуэкI зауэм ар и бийт икIи зи хуитныныгъэр зыхъумэж бгырысхэм я зэщIэхъеенныгъэр диIыгът... Абыи тэмэму къыгурыIуэрт фIырыфIкIэ бгырысхэр Урысеим гуэгъэхьэным лъэныкъуитIми я сэбэп зэрыхэлъыр.

Пащтыхьым и IуэхущIафэм ер къызэрикIым, леймыгъэгъу бгырысхэм шынагъэкIэ зэрыпхудамычыхьынум, щхьэхуиту кьалъхуэр залымыгъэм и бжьым зэрыщIэмыцIуэнум, адыгэм и Iыгъэр зыхуэдэм - а псоми ятеухуащ Лермонтов и поэмэ щIэрыIуэ «Измаил-Бейр», гупсысэ лъэщыр зи къуэпсу усэбзэ кьабзэкIэ зэщIэжьыуэжу ткар. Поэмэм удихьэхыу укъеджэ къудейкъым, ар а лъэхъэнэм и гъуджэщ, уиплъамэ, Кавказым щыщIа щытыкIэр зэрыщыту кьишу, зауэм и теплъэгъуэ зыныкъуэхэри мамыр гъащIэри унгъэльагъу. Абы нэгум кьыIуригъадзэхэм нэмыщIуи, гур егъэпIейтей. Куэди зыхыуегъащIэ, къыбгурегъаIуэ. Поэмэм уходжэ, абы хэт лIыхъужьхэм ягу зыгъэинри, я псэм щыщIэри, я хъуэпсапIэхэри, я губжьри, адыгэхэм я хэкум хуаIэ фIыльаГъуныгъэ уасэ зимыIэри куууэ зыхэпщIэу, абыхэмкIэ укъызэщIэсту...

ЖыпIэ хъунущ а поэмэр пащтыхьымрэ абы и лIыкI генералхэмрэ суд пащхьэм изыгъэувэ икIи зезыгъэцIыхуж уэчыным и псалъэ гуащIэу, Ауэ а зы поэмэм и закъуэкъым Лермонтовым Кавказым тритхьхьар, бгырысхэр, псом хуэмыдэу адыгэхэр, зэриГъэльэпIар. Апхуэдэ усэхэу, поэмэхэу итхахэм - «Мцыри», «Бастунжы къуажэр», «Хьэжы-Абрэдж», «Тэрч и тыгъэхэр», «Къамэ», «УсакIуэ», «Кавказ гъэр», нэгъуэщIхэми - укъызэщIэIэтэу, поэзие нэсым къуит гухэхъуэр кьыплъагъэ.

Нэмыплъ зрат поручикыр «ауэ сытми теплъэгъуэ дахэхэмкIэ тхыльеджэр кьыдэсхьэхынщ», жиIэу бгырысхэм ятетхьыжьа къудейкъым, ахэр цIыху ахъыбгъэманхэу, щIыкIафIэхэу, гурыхуэхэу, нэмыс яхэлъу къигъэлъэгъуащ. Абы зэхихьутащ пащтыхым и пихъуэпыщэхэм Кавказым ис лъэпкъхэм «сэхъуари Iэлри» къыфIащурэ зэрагъэпщIа Iуэху еплъыкIэ нэпцIхэр, урыс цIыху къызэрыгуэкIхэм гукъэкI яригъэщIащ пащтыхьым иуба лъэпкъхэм пщIэрэ зэнмысрэ яхуэфащэу, абыхэм ирагъэкIуэкI зауэри захуагъэу.

Дэ Iэмал диIэ хъуащ адыгэ тхыдэр куууэ джжыжьну икIи щэджащэу ди блэкIам къыщыдгъуэтыжхэр ди нобэм къыщыдгъэсэбэпыну, псэкупсэ къулеягъыу диIэм дянэкIи хэдгъэхъуэну. Абы и лъэныкъуэкIи гулъытэ зыхуэфащэ Iуэхугъуэпсхуэщ илъэс куэдкIэ уэзгIэбзэкIыжмэ, езыхэм я лъэпкъ литературэ зэзыгъэпщыну хэта адыгэ тхакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ я тхыгъэхэр ди нобэрей гъащIэм къыхуэгъэзушыжыныр.

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэмрэ етГощIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэмрэ псэуа адыгэ тхакIуэхэм я тхыгъэ куэдым я мыхьэнэр иджы нэхъ лъагэ хъуащ. Ахэр удихьэхыу тхащ. А тхыгъэхэм зэныкъуэущ ди нобэрей тхыльеджэр. Адыгэ тхыбзэ зэрыщымыIэм къыхэкIкIэ, урысибзэкIэ тхэуэ щыта Хъан-Джэрий, КIашэ Адэлджэрий, Къаз-Джэрий, Инэт Кърым-Джэрий, Адэл-Джэрий, Ахъэтэтыкъуэ Къазибэч сымэ я къалэмым къыщIэкIахэр адыгэбзэкIэ къыдэгъэкIыжын хуейщ. Ауэ а Iуэхум мащIэущ зэрегугъур; литературэр зыджыж зыныкъуэ щIэныгъэлIхэм къалъытэ зи гугъу тщIыж тхакIуэхэм я тхыгъэхэр я тхыкIэкIэ зэхуэмыдэу, я гъэпсыкIэкIи зэмыщхьу, нэгъуэщIу зыхуэмэж бгырысхэм я зэщIэхъеенныгъэр диIыгът... Абыи тэмэму къыгурыIуэрт фIырыфIкIэ бгырысхэр Урысеим гуэгъэхьэным лъэныкъуитIми я сэбэп зэрыхэлъыр.

Пащтыхьым и IуэхущIафэм ер къызэрикIым, леймыгъэгъу бгырысхэм шынагъэкIэ зэрыпхудамычыхьынум, щхьэхуиту кьалъхуэр залымыгъэм и бжьым зэрыщIэмыцIуэнум, адыгэм и Iыгъэр зыхуэдэм - а псоми ятеухуащ Лермонтов и поэмэ щIэрыIуэ «Измаил-Бейр», гупсысэ лъэщыр зи къуэпсу усэбзэ кьабзэкIэ зэщIэжьыуэжу ткар. Поэмэм удихьэхыу укъеджэ къудейкъым, ар а лъэхъэнэм и гъуджэщ, уиплъамэ, Кавказым щыщIа щытыкIэр зэрыщыту кьишу, зауэм и теплъэгъуэ зыныкъуэхэри мамыр гъащIэри унгъэльагъу. Абы нэгум кьыIуригъадзэхэм нэмыщIуи, гур егъэпIейтей. Куэди зыхыуегъащIэ, къыбгурегъаIуэ. Поэмэм уходжэ, абы хэт лIыхъужьхэм ягу зыгъэинри, я псэм щыщIэри, я хъуэпсапIэхэри, я губжьри, адыгэхэм я хэкум хуаIэ фIыльаГъуныгъэ уасэ зимыIэри куууэ зыхэпщIэу, абыхэмкIэ укъызэщIэсту...

ЖыпIэ хъунущ а поэмэр пащтыхьымрэ абы и лIыкI генералхэмрэ суд пащхьэм изыгъэувэ икIи зезыгъэцIыхуж уэчыным и псалъэ гуащIэу, Ауэ а зы поэмэм и закъуэкъым Лермонтовым Кавказым тритхьхьар, бгырысхэр, псом хуэмыдэу адыгэхэр, зэриГъэльэпIар. Апхуэдэ усэхэу, поэмэхэу итхахэм - «Мцыри», «Бастунжы къуажэр», «Хьэжы-Абрэдж», «Тэрч и тыгъэхэр», «Къамэ», «УсакIуэ», «Кавказ гъэр», нэгъуэщIхэми - укъызэщIэIэтэу, поэзие нэсым къуит гухэхъуэр кьыплъагъэ.

Нэмыплъ зрат поручикыр «ауэ сытми теплъэгъуэ дахэхэмкIэ тхыльеджэр кьыдэсхьэхынщ», жиIэу бгырысхэм ятетхьыжьа къудейкъым, ахэр цIыху ахъыбгъэманхэу, щIыкIафIэхэу, гурыхуэхэу, нэмыс яхэлъу къигъэлъэгъуащ. Абы зэхихьутащ пащтыхьым и пихъуэпыщэхэм Кавказым ис лъэпкъхэм «сэхъуари Iэлри» къыфIащурэ зэрагъэпщIа Iуэху еплъыкIэ нэпцIхэр, урыс цIыху къызэрыгуэкIхэм гукъэкI яригъэщIащ пащтыхьым иуба лъэпкъхэм пщIэрэ зэнмысрэ яхуэфащэу, абыхэм ирагъэкIуэкI зауэри захуагъэу.

Дэ Iэмал диIэ хъуащ адыгэ тхыдэр куууэ джжыжьну икIи щэджащэу ди блэкIам къыщыдгъуэтыжхэр ди нобэм къыщыдгъэсэбэпыну, псэкупсэ къулеягъыу диIэм дянэкIи хэдгъэхъуэну. Абы и лъэныкъуэкIи гулъытэ зыхуэфащэ Iуэхугъуэпсхуэщ илъэс куэдкIэ уэзгIэбзэкIыжмэ, езыхэм я лъэпкъ литературэ зэзыгъэпщыну хэта адыгэ тхакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ я тхыгъэхэр ди нобэрей гъащIэм къыхуэгъэзушыжыныр.

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэмрэ етГощIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэмрэ псэуа адыгэ тхакIуэхэм я тхыгъэ куэдым я мыхьэнэр иджы нэхъ лъагэ хъуащ. Ахэр удихьэхыу тхащ. А тхыгъэхэм зэныкъуэущ ди нобэрей тхыльеджэр. Адыгэ тхыбзэ зэрыщымыIэм къыхэкIкIэ, урысибзэкIэ тхэуэ щыта Хъан-Джэрий, КIашэ Адэлджэрий, Къаз-Джэрий, Инэт Кърым-Джэрий, Адэл-Джэрий, Ахъэтэтыкъуэ Къазибэч сымэ я къалэмым къыщIэкIахэр адыгэбзэкIэ къыдэгъэкIыжын хуейщ. Ауэ а Iуэхум мащIэущ зэрегугъур; литературэр зыджыж зыныкъуэ щIэныгъэлIхэм къалъытэ зи гугъу тщIыж тхакIуэхэм я тхыгъэхэр я тхыкIэкIэ зэхуэмыдэу, я гъэпсыкIэкIи зэмыщхьу, нэгъуэщIу зыхуэмэж бгырысхэм я зэщIэхъеенныгъэр диIыгът... Абыи тэмэму къыгурыIуэрт фIырыфIкIэ бгырысхэр Урысеим гуэгъэхьэным лъэныкъуитIми я сэбэп зэрыхэлъыр.

Пащтыхьым и Iуэхущ Iафэм ер къызэрикIым, леймыгъэгъу бгырысхэм шынагъэкIэ зэрыпхудамычыхьынум, щхьэхуиту кьалъхуэр залымыгъэм и бжьым зэрыщIэмыцIуэнум, адыгэм и Iыгъэр зыхуэдэм - а псоми ятеухуащ Лермонтов и поэмэ щIэрыIуэ «Измаил-Бейр», гупсысэ лъэщыр зи къуэпсу усэбзэ кьабзэкIэ зэщIэжьыуэжу ткар. Поэмэм удихьэхыу укъеджэ къудейкъым, ар а лъэхъэнэм и гъуджэщ, уиплъамэ, Кавказым щыщIа щытыкIэр зэрыщыту кьишу, зауэм и теплъэгъуэ зыныкъуэхэри мамыр гъащIэри унгъэльагъу. Абы нэгум кьыIуригъадзэхэм нэмыщIуи, гур егъэпIейтей. Куэди зыхыуегъащIэ, къыбгурегъаIуэ. Поэмэм уходжэ, абы хэт лIыхъужьхэм ягу зыгъэинри, я псэм щыщIэри, я хъуэпсапIэхэри, я губжьри, адыгэхэм я хэкум хуаIэ фIыльаГъуныгъэ уасэ зимыIэри куууэ зыхэпщIэу, абыхэмкIэ укъызэщIэсту...

Адыгэ тхакIуэм кьыдигъэкIа и тхыгъэ нэхъыфIщ икIи нэхъ инщ «ХьэжыгъэIэгъуей ауэр». Ар Современникэ журналым 1836 гъэм и мэлыжьыхь мазэм традзащ. Гоголь и «Гущэ», «ХьэхьэжкI зиIэ ЦIыхум и пщэдджьыжь», Пушкиным и «Арэрум къызэрыщыкIуэхар», «Щауэ къызгъуэн», Жуковскэм и «Жэщ еплъыныгъэ» тхыгъэ гъуэзэджэхэм щыIагъуэ.

Урыс литературэм Кавказыр хэзыхьа урыс усакIуэшхуэ, «Современникым» и унафэщI Пушкиныр «ХьэжыгIэгъуей ауэрым» къыщеджэм, гухэхъуэ зэриГъэгъатар ибзыщIакъым:

«Мыр дэ дызыпэмыплъа Iуэхугъуэ телъыджэщ! Кавказ Iэлым и къуэр ди тхакIуэхэм къабгъуроувэ; адыгэ щIалэм урысыбзэр хуиту, щIэращIэу икIи лъэщу егъэшэрыуэ. Дэ зы псалъи щIэзэтхъуэкIакъым фи пащхьэ итлъхьа пычыгъуэм. ГъэщIэгъуэнкъэ: щIэныгъэм и IэфIыпIэр зыхэзыщIа Къаз-Джэрий СулътIан епщIыжакъым и лъахэм щызекIуэ хабзэхэм, и лъэпкъ тхыдэм...».

Белинскэри гуапэу IущIащ адыгэ тхакIуэм и кьалэмым. Къаз-Джэрий и гъуэгуанэ тхыгъэр зэрыт журналыр кьыдэкIа нэужь, критик цIэрыIуэм «Современникым» теухуауэ псалъэ зыбжанэ зыфIищащ тхыгъэм мыпхуэдэу щетх:

«ХьэжыгIэгъуей ауэр» адыгэм, Къаз-Джэрий СулътIан, зэритха къудеймкIэ гъэщIэгъэунэщ, ар ди тхакIуэ цIэрыIуэ куэдым нэхъ-рэ нэхъ хуэшэрыуэщ урысыбзэм».

Тхыгъэр щиухым Белинскэм къыхигъэщхьэхукIащ журналым традза «тхыгъэ псори, усэхэм фIэкIа къэмынэу, фIы зэрыхьуар». А фIы хъуахэм «ХьэжыгIэгъуей ауэр» зэрыхибжари нэрылъагъущ.

Гъэзэуанэ тхыгъэм ущеджэкIэ занщIэу гу лъотэ ар зытхам и къалэмыр зэрышэрыуэм, апхуэдэуи зыхыбощIэ урыс щэнхабзэ пэрытыр тхакIуэм и зэфIэкIым къежьапIэ зэрыхуэхъуар. «ХьэжыгIэгъуей ауэым» тепщIыхьмэ, Къаз-Джэрий и адэжь хэкум фIыльаГъуныгъэ хуИэт, езыр щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цIыхут.

Тхыгъэм занщIэу щыгъуазэ дещI Iуэхур къыщыхъу лъэхъэнэми щекIуэкI щIыпIэми - «1834 гъэм мэкъуаугъуэ мазэм и 3-м, Псыжь адрыщI». Хъыбарыр къэзыIуэтэжыр, быслым нэшхуэгъуэм и хьэщIэщыр къеГъанэри, дыгъэ къуэхэгъуэм ХьэжыгIэгъуей ауэым къыщхьэщыт Iуащхьэм хуопIащIэ. И адэжь хэкум къызэригъэзэжам абы кърет гурыфIыгъуэшхуэ, къыщохьу Аулей псор езым къыхуэгъуанэу. И щIыпIалъэм и дахагъыр щилъагъукIи, гуфIэгъуэ нэпсым еуфэ и нэр.

Хъыбарыр къэзыIуэтэжыр зэрыбгырыс нэсыр къумыщIапIэ иЭкъым, зигъэпсэхуну къыздэкIуэжа и щIыналъэр илъагъури, хьэщыкъ хъуащ, кьалэмри къиштащ. ИкIи и япэ псалъэхэм къыщыщIэдзауэ зыхыуегъащIэ мы щIыпIэм ар къызэрыщыхъуар, абы и щыпэлъагъукъым Кавказ бгы уардэхэр, къуршыпс Iэхъэр, ауэ дахащэхэр, ауэ абы зэрахуэзэщари, и гум къыщыуш гурыфIыгъуэхэри апхуэдэу зыхуэусынур бгырыс нэсырц. Абы къигъэлъэгъуэфхэр, гу зылъитэхэр ямылъагъункIэ мэхъу нэгъуэщI щIыпIэ къыщалъхуэм.

Пэжщ, тхыгъэр Къаз-Джэрий щитхар нэхъ иужьыIуэкIэщ, а и нэгу щIэкIахэм нэхъыщхьэр къыхихьжьыфын хуэдэу зэманым дгъэкIри, итАнэщ тхэн щыщIидзэр.

Удихьэхыу, пхуэзмыгъэтIылъэкIыу уэзджэ тхыгъэр зыхуэдэр жьIэжьыгъуафIэкъым, ауэ апхуэдизкIэ ар нэрыпуэу гъэпсащ, зы гупсысэм хуолажьэри, зэ уеджауэ зэи пщыгъупщжьыркъым.

Сыт-тIэ ар гум къизынэр? КъызыхэкIа лъэпкъыр тхакIуэм зэриГъэльапIэр, абы и нобэмрэ и пщэдеймрэ нэхъыфI хъуным зэрыщIэхъуэпсыр аращ. Къаз-Джэрий и тхыгъэм къыщегъэльагъуэ адыгэхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным иЭну мыхьэнэшхуэр.

Дунейм и теплъэ дахэр кьыщигъэльагъуэкIи бгырысхэм я псэукIэм щытетхьыхькIи Къаз-Джэрий пэжыр и пуэзэщ, абы теплъэкъукIыркъым, дерс къызыхэхын хуейр къеГуэт, ар зэманым кьигъэув кьалэмри къыхуеГъэлажьэ.

ТхакIуэм и тхыгъэр зыхуигъэлажьэр зыщ: бгырыс лъэпкъхэм зыкъыщыIэтынур, насып щагъуэтынур щIэныгъэм и нэхур ятепса нэуэжьщ, щIэныгъэншагъэм и кIыфIым хэтыху я щэнхабзэми зиужьынукъым, я псэукIэри ефIэкIуэнукъым. Къаз-Джэрий гъуэгуанэ тхыгъэм къыщыжеIэ: «Европэм сыщамылъхуами, сэ си нэгу къыщIэгъэхьэфащ мыбыхэм я гъащIэ дыджыр, сэпхуэдэзэм дэлъ зэпыту ягъэкIуэ гъащIэр... Ауэрэ сыздэгупсысэм, сигу къэкIыжащ адыгэ уэдиз псалъэмакъ зращIэкIа, апхуэдизрэ ягъэныщкIуа щIэныгъэ Iуэхур. ГъэщIэгъуэнщ! Куэд щIа сэ мы лъахэм жьым хуэдэу шууэ къэзжьыху сыэзритрэ, иджы сыхьэзыщу мыбы щIэныгъэр къэса зэрыхъун Iэмал минхэр зэхэсалъхьэну...».

ТхакIуэм адэжь къыпещэ: «Аулэ аракъым иджыпсту кьыспэщытыр - нэхъыфIыр Тхьэм къытхуищIэ, зэрыхъуIамэ хъунщ - си гъусэхэр арауэ къыщIэкIынкъым иджыпсту зыщIэхъуэпсыр; етIуанэр жэщыр щыдгъэкIуэну быдапIэр щалъагъум, ахэр зэщIэхъэкъащ, сэри, гупсысэр щысщхьэщыум, си щхьэр къэСIэтри сльэръащ уэрыс быдапIэр. ИльэсипщI и пэкIэ хэт и гугъэнт урысхэм мыбдежьым быдапIэ къытращIыхьыну; си пщIыхьэпIи къыхэхуэнтэкъым зэгуэр си бийуэ щытам и деж мыпхуэдэ жэщ щисхьну».

Хэт ищIэн мызыгъэгуми Къаз-Джэрий и Iуэху зыхуэдэу щытар?! Дэ дыщыгъуаэзкъым и лъэпкъэгъуэхэм зтеуэну дзэм ар хэтами. Абы щыгъуэм, урыс офицерым хуэдэу, унафэ бзаджэр имыгъэзэщIэн лъэкIыркъым. Мыдрейуэ, а унафэхэм ебэкъуэфамэ, цIыхугъэ нэс кьыIыкъуэкIынт и щхьэм пщIэ хуищIыжьфу.

АдэкIэ Къаз-Джэрий и гупсысэм зрегъэубгъу: «Бгы фIыцIэ щымхэм тепльэщащ си нитIыр. Кьыр дзакIэм кьыкъуэпльэ дыгъэ бзийм урыс сэлэтэм и мыкурэр фагъуэу полыд. Дыгъэр хуэм-хуэмурэ къурш щыIым щыужьыхьащ; уафэ льащIэм телъ пшэ гъуабжэхэм я нэзым пльэжьышс мащIэ къыщIэльэдащ, къуршыщхьэ уэсри, зыгуэрым игъэкIыта нэхъей, цIыплъ къэхъущ».

«ХьэжыгIэгъуей ауэым» щыщ мы пычыгъуэмкIэ къыщIэгъэща мэхъу «къару здэщыIэм напэ щыIэн хуейкъым» жыхуиIэ Iуэху еплъыкIэ мыфэмыщыр. А Iуэху еплъыкIэр къэзыгъэщIа лъэхъэнэри лъэхъэнэ гущIэгъуншэу зэрыщытар къегъэнаIуэ икIи цIыхугъэншагъэмрэ гущIэгъунш

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Япэ адыгэ тхакІуэ

Къаз-Джэрий Сулътіан къыІэралъхурэ илъэс 205-рэ ирокъу

(КІэлъыкІуэр).

Къаз-Джэрий фІыуэ щыгъуазэт и лъэхъэнэм щыІа тхылъеджэхэр зыхуэдэм, абыхэм яфІэкъабылри я мыхьэмышхри ищІэрт. Арагъэщ зылъэгъуар зытхыжым хуэдэу тхэгъэ щІыхуэмеяр. Абы и гъуэгуанэ тхыгъэм щызэкІэщІэпхъащ адыгэ гъащІэр, адыгэ дунейр къэзыгъаларгъуэ тепльэгъуэхэр.

ТхакІуэм зыщекхъуэ ильэгъуари игъэуанэхуари псалъэмакъ гъуэщхІэ кьетхэкІыным, кьыгуроІуэ езыр Іуэхум эярепльыр, пэкІэ зыхищІэхэр хигъэхьэкІэ, и тхыкІэр нэхъыкІэ эярымыхъунур. ИкІи щыуэркъым, ар щыхъума мэхъу псори эсэжьа тхэкІэжьым - гъэуганэ тхыгъэхэр нэхъыбэм эярэтхыу щытам. Нэхъыщхьэраци, Къаз-Джэрий тепльэгъуэ гуэркэр иуэзщІым зыдригъэхьэхыу езым а псор кьыззрыщыхьужар кьигъэльэгъуэну щыгъущэркъым. А тхэкІэм тету Къаз-Джэрий еуэзщІ гъуэгуанэ тхыгъэм эрэзгупсысыр хъыбарым кьыхэгъэщын, а кьомым зы дерсышхуэ къапкърыкІыжу тхыгъэр гъащІэм хуэгъэзэжьэн.

ЖьыІэни хуейщ, адыгэлІым и джатэ жану, Къаз-Джэрий и къаІэмри и мурадым эярыхунэсыр. Зэ жиІар кьыщытригъэзэж, и жьІэкІэри зэпшыгъуэ щыхъу хэмыту жьэнахуэщ зи макъ дедаІуэр. Ар икІи набдзэгубдзапльэщ, зытепльар иту ириубыдэфу. ЗыхэщІыкІи иІащ, тхылъеджэр зыхуейр кьыщІэфу. Абы кьыззрыгуэкІ псэупІэхэр зи хэщІапІэ бгырысхэм я лъахэр урыс тхылъеджэм ирегъэлъагъуф, адыгэхэр зыхуэзэр абыхэм къарегъэщІэф икІи мыпхуэдэу ущие хуэдэщ: «А фызэримыгугъэм хуэдэу, псе къабзэхэщ сэ си лъэпкъэгъуэхэр, цІыхугъэшхуэ зыхъэльэщ. ЩІэнгъэкІэ дахуэвгъэупси, фльагъэнщ, ахэр зэрыхъу! ИтІанэ я щІыхуи кьызыранэнкъым адыгэхэм, Іэджэ фІыгъуэкІи кьывэтэжьащ».

ЦыщІыкІым щыгъуэ Къаз-Джэрий фІэфІт жьапщэм хэтыну. Дунейр кьыщыхэІыхьакІэ, къуагъэнапІэ лъыхъуэртэкъым. Аращэнщ абы кьыщІыщыхуэр:

Мэз бгынэжахэм къуату
гурыфІыгъуэ,
Хы Іуфэм псэм
щихьэметыгъэуэ,
Толькъун кьэкъуалъэм
плъапІу и дахагъ,
Хым ныджэ бжьэпэр
къэхъуми щигъагъ...

Къаз-Джэрий бзэ зыбжанэ ищІэрт. Абы егугъуу иджащ дунейпсо литературэр, ТхакІуэ, псом хуэмыдэжу, фІыуэ ильагъурт Байрон и тхыгъэхэр. Хуитныгъэм и бэнакІуэ лъащІэр, Белинскэм «XIX лІэщІыгъуэм и Прометей» зыфІищА а усакІуэщхуэр абы и гум кьышхыдыкІ хуэдэт мы усэ сатырхэр щитхым:

И хуитныгъэр щихьумэжым
деж фІэкІа
ЩымыІэ лъэпкъ лъэщым
хуэфэщэну зауэ.
Адрей псори - цІыху щауКІщ...

Байрон и «Стансхэм» щыщ зы сатыр, «Мэз бгынэжахэм къуатыр гурыфІыгъуэ» жьхуиІэр, хигъэхьащ Къаз-Джэрий и «ХьэжьтІэгъуей ауэм».

И лъэпкъым и къэкІуэнур зэрыхъунум дапхуэдизкІэ иримыгузавэми, тхакІуэм и фІэщ мэхъу ар насыпыфІэ зэрыхъужьнур, мыпхуэдэуи етх:

«Уэ уи пщыхьэщхьэ уэмхэм, уи шэджагъуэ жьауэм, уэ уи борэнхэм, уи губгъуэ щхьэнтІэхэм, пшэм кьыпхуплъ уэсыл кьырхэм сытыр пэхъун, Кавказ! Уи нэм ильагъум уетхьэкъу. Жьжьэ ущІэкІуэн щІэкъым - мес, зи пащхьэ сит мыв9 сынывжьыр кьащтэ. Гува-щІэхами, бгырысхэм кьахэкІынщ абы и гукъеуэр пшынальэ кьабзэкІэ зыІуэтэфын усакІуэ. Шэч кьыщІытепхьэн щыІэкъым: Кавказым и дурэпхэм дэс лъэпкъхэр усэбзэ гуакІуэм и джэ макъым кьыдэушынщ: мы лъахэм и уэрэджьхэр, ахэр зи гущІэм кьиІукІ джэгуакІуэ екІуэлІапІэнщхэр лъэужьыншэу хуей щІыкІэр: зрихьэлІа цІыхухэмра и нэгу щІэкІахэмрэ зищІысыр къэгъэльэгъуэн, а псор езым кьыззрыщыхьужар кьэгъуэтэн, зищІысыр къэгъэльэгъуэн, а псор езым кьыззрыщыхьужар кьэгъуэтэн, кьэхъукъащІэхэм зэрегупсысыр хъыбарым кьыхэгъэщын, а кьомым зы дерсышхуэ къапкърыкІыжу тхыгъэр гъащІэм хуэгъэзэжьэн.

ЖьыІэни хуейщ, адыгэлІым и джатэ жану, Къаз-Джэрий и къаІэмри и мурадым эярыхунэсыр. Зэ жиІар кьыщытригъэзэж, и жьІэкІэри зэпшыгъуэ щыхъу хэмыту жьэнахуэщ зи макъ дедаІуэр. Ар икІи набдзэгубдзапльэщ, зытепльар иту ириубыдэфу. ЗыхэщІыкІи иІащ, тхылъеджэр зыхуейр кьыщІэфу. Абы кьыззрыгуэкІ псэупІэхэр зи хэщІапІэ бгырысхэм я лъахэр урыс тхылъеджэм ирегъэлъагъуф, адыгэхэр зыхуэзэр абыхэм къарегъэщІэф икІи мыпхуэдэу ущие хуэдэщ: «А фызэримыгугъэм хуэдэу, псе къабзэхэщ сэ си лъэпкъэгъуэхэр, цІыхугъэшхуэ зыхъэльэщ. ЩІэнгъэкІэ дахуэвгъэупси, фльагъэнщ, ахэр зэрыхъу! ИтІанэ я щІыхуи кьызыранэнкъым адыгэхэм, Іэджэ фІыгъуэкІи кьывэтэжьащ».

ЦыщІыкІым щыгъуэ Къаз-Джэрий фІэфІт жьапщэм хэтыну. Дунейр кьыщІэзІыхьакІэ, къуагъэнапІэ лъыхъуэртэкъым. Аращэнщ абы кьыщІыщыхуэр:

Мэз бгынэжахэм къуату
гурыфІыгъуэ,
Хы Іуфэм псэм
щихьэметыгъэуэ,
Толькъун кьэкъуалъэм
плъапІу и дахагъ,
Хым ныджэ бжьэпэр
къэхъуми щигъагъ...

Къаз-Джэрий бзэ зыбжанэ ищІэрт. Абы егугъуу иджащ дунейпсо литературэр, ТхакІуэ, псом хуэмыдэжу, фІыуэ ильагъурт Байрон и тхыгъэхэр. Хуитныгъэм и бэнакІуэ лъащІэр, Белинскэм «XIX лІэщІыгъуэм и Прометей» зыфІищА а усакІуэщхуэр абы и гум кьышхыдыкІ хуэдэт мы усэ сатырхэр щитхым:

И хуитныгъэр щихьумэжым
деж фІэкІа
ЩымыІэ лъэпкъ лъэщым
хуэфэщэну зауэ.
Адрей псори - цІыху щауКІщ...

Байрон и «Стансхэм» щыщ зы сатыр, «Мэз бгынэжахэм къуатыр гурыфІыгъуэ» жьхуиІэр, хигъэхьащ Къаз-Джэрий и «ХьэжьтІэгъуей ауэм».

И лъэпкъым и къэкІуэнур зэрыхъунум дапхуэдизкІэ иримыгузавэми, тхакІуэм и фІэщ мэхъу ар насыпыфІэ зэрыхъужьнур, мыпхуэдэуи етх:

«Уэ уи пщыхьэщхьэ уэмхэм, уи шэджагъуэ жьауэм, уэ уи борэнхэм, уи губгъуэ щхьэнтІэхэм, пшэм кьыпхуплъ уэсыл кьырхэм сытыр пэхъун, Кавказ! Уи нэм ильагъум уетхьэкъу. Жьжьэ ущІэкІуэн щІэкъым - мес, зи пащхьэ сит мыв9 сынывжьыр кьащтэ. Гува-щІэхами, бгырысхэм кьахэкІынщ абы и гукъеуэр пшынальэ кьабзэкІэ зыІуэтэфын усакІуэ. Шэч кьыщІытепхьэн щыІэкъым: Кавказым и дурэпхэм дэс лъэпкъхэр усэбзэ гуакІуэм и джэ макъым кьыдэушынщ: мы лъахэм и уэрэджьхэр, ахэр зи гущІэм кьиІукІ джэгуакІуэ екІуэлІапІэнщхэр лъэужьыншэу хуей щІыкІэр: зрихьэлІа цІыхухэмра и нэгу щІэкІахэмрэ зищІысыр къэгъэльэгъуэн, а псор езым кьыззрыщыхьужар кьэгъуэтэн, кьэхъукъащІэхэм зэрегупсысыр хъыбарым кьыхэгъэщын, а кьомым зы дерсышхуэ къапкърыкІыжу тхыгъэр гъащІэм хуэгъэзэжьэн.

ЖьыІэни хуейщ, адыгэлІым и джатэ жану, Къаз-Джэрий и къаІэмри и мурадым эярыхунэсыр. Зэ жиІар кьыщытригъэзэж, и жьІэкІэри зэпшыгъуэ щыхъу хэмыту жьэнахуэщ зи макъ дедаІуэр. Ар икІи набдзэгубдзапльэщ, зытепльар иту ириубыдэфу. ЗыхэщІыкІи иІащ, тхылъеджэр зыхуейр кьыщІэфу. Абы кьыззрыгуэкІ псэупІэхэр зи хэщІапІэ бгырысхэм я лъахэр урыс тхылъеджэм ирегъэлъагъуф, адыгэхэр зыхуэзэр абыхэм къарегъэщІэф икІи мыпхуэдэу ущие хуэдэщ: «А фызэримыгугъэм хуэдэу, псе къабзэхэщ сэ си лъэпкъэгъуэхэр, цІыхугъэшхуэ зыхъэльэщ. ЩІэнгъэкІэ дахуэвгъэупси, фльагъэнщ, ахэр зэрыхъу! ИтІанэ я щІыхуи кьызыранэнкъым адыгэхэм, Іэджэ фІыгъуэкІи кьывэтэжьащ».

ЦыщІыкІым щыгъуэ Къаз-Джэрий фІэфІт жьапщэм хэтыну. Дунейр кьыщІэзІыхьакІэ, къуагъэнапІэ лъыхъуэртэкъым. Аращэнщ абы кьыщІыщыхуэр:

Мэз бгынэжахэм къуату
гурыфІыгъуэ,
Хы Іуфэм псэм
щихьэметыгъэуэ,
Толькъун кьэкъуалъэм
плъапІу и дахагъ,
Хым ныджэ бжьэпэр
къэхъуми щигъагъ...

Къаз-Джэрий бзэ зыбжанэ ищІэрт. Абы егугъуу иджащ дунейпсо литературэр, ТхакІуэ, псом хуэмыдэжу, фІыуэ ильагъурт Байрон и тхыгъэхэр. Хуитныгъэм и бэнакІуэ лъащІэр, Белинскэм «XIX лІэщІыгъуэм и Прометей» зыфІищА а усакІуэщхуэр абы и гум кьышхыдыкІ хуэдэт мы усэ сатырхэр щитхым:

И хуитныгъэр щихьумэжым
деж фІэкІа
ЩымыІэ лъэпкъ лъэщым
хуэфэщэну зауэ.
Адрей псори - цІыху щауКІщ...

Байрон и «Стансхэм» щыщ зы сатыр, «Мэз бгынэжахэм къуатыр гурыфІыгъуэ» жьхуиІэр, хигъэхьащ Къаз-Джэрий и «ХьэжьтІэгъуей ауэм».

И лъэпкъым и къэкІуэнур зэрыхъунум дапхуэдизкІэ иримыгузавэми, тхакІуэм и фІэщ мэхъу ар насыпыфІэ зэрыхъужьнур, мыпхуэдэуи етх:

«Уэ уи пщыхьэщхьэ уэмхэм, уи шэджагъуэ жьауэм, уэ уи борэнхэм, уи губгъуэ щхьэнтІэхэм, пшэм кьыпхуплъ уэсыл кьырхэм сытыр пэхъун, Кавказ! Уи нэм ильагъум уетхьэкъу. Жьжьэ ущІэкІуэн щІэкъым - мес, зи пащхьэ сит мыв9 сынывжьыр кьащтэ. Гува-щІэхами, бгырысхэм кьахэкІынщ абы и гукъеуэр пшынальэ кьабзэкІэ зыІуэтэфын усакІуэ. Шэч кьыщІытепхьэн щыІэкъым: Кавказым и дурэпхэм дэс лъэпкъхэр усэбзэ гуакІуэм и джэ макъым кьыдэушынщ: мы лъахэм и уэрэджьхэр, ахэр зи гущІэм кьиІукІ джэгуакІуэ екІуэлІапІэнщхэр зыщІыгъуэщэркъым. А тхэкІэм тету Къаз-Джэрий еуэзщІ гъуэгуанэ тхыгъэм эрэзгупсысыр хъыбарым кьыхэгъэщын, а кьомым зы дерсышхуэ къапкърыкІыжу тхыгъэр гъащІэм хуэгъэзэжьэн.

Ж

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Япэ адыгэ тхакІуэ

Къаз-Джэрий Султіан къыззэралъхурэ илъэс 205-рэ ирокъу



Къэбэрдей зауэлІ.
Сурэтыр **Белоусов Леонид** *ищІащ. 1831 гъэ*

Эскадрон ныкъуэм и зауэлІ.
Сурэтыр **Гагарин Григорий** *ищІащ. 1844 гъэ*

Адыгэ обер-офицер.
Сурэтыр **Монтен Д.** *ищІащ. 1844 гъэ*

(КІэлъыкІуэр).

Ищхьэрэжь и тхыдэм щІригъэхуу ар жьІэгъуэ дахэхэмкІэ игъэщІэрэщІэну иужь иткъым Къаз-Джэрий. Егъэлеяуэ зыри хэткъым абы. Тхыльеджэхэри зэгъэпщэныгъэхэмкІэ е цІэ жьІэгъуейхэмкІэ иригъэззэныркъым – ІэкІуэлъакІуэу къетэсэбэп щІыпІэщІэхэр, цІыхухэм я цІэхэр.

«Гъбзыгъэу гупсысэм гурыІуэгъуэуи къеІуэтэж», - жиІэгъащ философ цІэрыІуэ Шопенгауэр Артур. Абы зи гугъу ищІыр Къаз-Джэрий хуэпхъ хъунущ. ТхакІуэм и гупсысэр гурыІуэгъуафІэщ. АтІэ тхыгъэм и тхыкІэ хъуамрэ и гупсысэр зэрыуэщІамрэ зэтлъытыжа нэужькІэщ дэщыгъуазэ дыщыхьур дыхьэджэр фІы дыда хъуамэ, зыгуэрым къытращыкІыжа мыхьэнэншэми.

Езыр зыхэт гъащІэм и пэжыр къИуэтэн папщІэ, Къаз-Джэрий и тхыбзэри пэжым хуэузэщІащ. «Къэжэр таурыхым» мыІупщІрэ щІагъыбзэу зыри хэткъым. ТхакІуэм дигъэлъагъуну зыхуейр, языныкъуэхэм деж, псалъэ шэрыуэ зыбжанэкІэ нэрылъагъу тщещІ, языныкъуэхэм дежи, зэрелІаІэшхуэ щымыІэу, кууэ зыхьдегъащІэ езыр зыгъэпІейтейр. Абы и дэтхэнэ аІыхъужьми езым и шыфэлІыфэ, и хьэл-щэн, и дуней тетыкІэ иІэжщ. ЗэпІэзэрыту, зэхэмызи къызэрыкІрэ зыгуэрхэм хуэшхыдэу, ар ятопсэлъыхь и тхыгъэм зи гугъу щищІхэм, нэгъуэщІу жьпІэмэ, псалъэ хъуэнрэ псалъэ хъуэррэ и мащІэу, Іейм и къуэпс КІуапІэхэр къыщІегъэщ. «Іейр Іейщ икІи абы еБэнын хуейщ, - урегъэупсыс абы, - абы сыт хуэдэ хэку и хэщІапІэми».

Пушкин Александр и цІыхугъэ

КЪАЗ-ДЖЭРИЙ Султіан и гъащІэр къызэрекІуэкІам иджыри мыгурыІуэгъуэу куэд хэлъщ. Къаз-Джэрий теухуауэ Мэзкуу и архивхэмрэ Къэрал библиотекэхэмрэ къыщыдгъуэтар икъукІэ мащІэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, а lЫы Іущыр 1807 гъэм Псыжь адрыщІ къызэрыщалъхуам, хъымыщ адыгэ языныкъм зэрыщыщым дыщыгъуазэщ. Абы пасэу фІэкІуэдащ и адэр. «Анэ гущабэм срибын закъуэт, - етхыжьеым. - Фызадэ тхьэмыщкІэм сригугъапІэт икІи сабиигъуэ Іэфыгъэм сыкъыпыкІащ сэ пасэу...»

Профессор Къумыкъу Тыгъуэн къызэригъэлъагъуэмкІэ, Шэрджэсым щылажьэ хамэ къэрал бзэгуэзехьэхэмебэным зэрыхуейр Хъан-Джэрий нэгъуэщІхэми къыдаІыгъауэ щытащ, псалъэм папщІэ, «Бесльэнейм щыпсэууэ щыта абы и къуэш Къаз-Джэрий Султіан, полковник Азэмэт-Джэрий Султіан, подполковник Мэгурыкъуэ, бесльэненищ Іпщыкъуий сымэ». Хамэ къэрал бзэгуэзехьэхэм ебэныным а гупыр и телъхьэу зэрыщытам дэ шэч къытетхьэркъым, ауэ шэч къытыдохьэ Хъан-Джэрийрэ Къаз-Джэрийрэ зэкъуэшу зэрыщытам. Къумыкъу Тыгъуэн и тхыгъэм къыщигъэлъагъуэркъым а тІур зэрызэкъуэшыр къызэрищІа щыкІэр. АтІэ Къаз-Джэрий езым итхыжауэ щыІэщ «анэ гу щабэм срибын закъуэт» жери. А тІури зэуэнэкъуэщу щытатэнщ, ауэ зэкъуэш дыдэу къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэ къытхуэгъуэтакъым иджыри къэс.

Теунэ Хъэчими «Къэбэрдейм и тхакІуэхэмрэ и литературэмрэ» и къэхутэныгъэм Къаз-Джэрий къыщалъхуамрэ щыпІэжамрэ мытэмэму къыщегъэлъагъуэ (1801 - 1843). А тхылъ дыдэм и етІуанэ къыдэкІыгъуэм, зи гугъу ищІым, и гъащІэм илъэс зыкъом хупещэри, щыпсэуар 1801 - 1870 гъэхэрауэ къыщыджеІэ. Гроэнэм щыщ еджагъэшхуэ Корзун Бориси, профессор Гарданов Батрази Къаз-Джэрий къигъэщІа ныбжьыр яхуэзубзыхуакъым. АтІэ дауэ кэтэщІэну абы и пэжыпІэр?

Къаз-Джэрий тетхыхьа нэгъуэщІ гуэрхэри щыІэнкІэ мэхъу. КІурашын БетІал осетин усакІуэшхуэ Хетагуров Коста триуухуа тхыгъэм мыпхуэдэу щыжеІэ: «Ставрополь дэта щыхухьу классическэ гимназиер, Хетагуров Коста зыщеджар, къаухащ адыгэ тхакІуэ-щІэныгъэлІхэу, Къаз-Джэрий СултІани, Адыл-Джэрий СултІани, КІашэ Адэджэрий»...

Къаз-Джэрий Ставрополь дэта гимназием щеджакъым, щеджэнкІи Іэмал иІакъым. Гимназиер 1837 гъэм къызэІуахащ. Абы щыгъуэ Къаз-Джэрий Бытырбыху дэст. Ставрополь дэта гимназиер Кавказ Ищхьэрэм щыяпэу щытащ, «Кавказым щыщ» цІэри зэрихьэрт. ИужькІэ ар зэрахъуэжкІыжащ цІыхухъу классическэ гимназиеу. Абы щрагъаджэрт зэлъпкъэмыІэужьыгъуэхэм къахэкІ щІалэхэр - адыгэхэр, балъкъэрхэр, осетинхэр, шэшэнхэр, дагъыстанхэр.

Зэрынэрылъагъуни, Къаз-Джэрийрэ а гимназиемрэ я Іуэху зэхэлъкъым.

Япэ адыгэ тхакІуэм и сабиигъуэм теухуауэ дызыщыгъуазэр мащІэщ. И щІалэгъуэу ар зы зэман Хъан-Джэрий щІыгъуу Тифлис щыІащ. Кавказым и тет Ермолов Алексей ныбжьыщІэ гурыхуэм гу къыльитащ икІи къыдэІэпыкъащ. Къаз-Джэрий яхэтащ ирагъаджэну япэ дыдэу Урысейм ягъэкІуа адыгэ щІалэхэм. 1826 гъэм къызэрыгъэкІ сэлэту къулыкъум щыщІидзащ ебланэ фочауэ полкым, иужькІэ «лейб-гренадер ЭриванскэкІэ» зэраджэжу щытам. Куэд мыщІэу ар урысыкъэжэр зауэм макІуэ. Урысыдзэр текІуэныгъэр и куэду ебгъэрыкІуэрт. Шамхор, Елизаветполь, Аббас-Абад, Эриван, Сардар-Абад къалэхэр бийм къытрихыжри, генерал Паскевич зи дзэщ урысыдзэр 1827 гъэм Тавриз дыхьащ.

Къаз-Джэрий хэтащ зэхэуэ псоми. ЛІыгъэ зэрызэрихьам къыпэкІуэу къратащ медаль. 1830 гъэм юнкер мэхъури, Кавказ-гвырыбзе эскадрон ныкъуэм хагъэхьэ. Ар пащтыхьыр зыхъумэ гупу 1828 гъэм къызэратъэпащат, хэтхэри бгырыс лІакъуэлІэшхэм къахэкІат. Эскадрон ныкъуэр егъэбыдылІат «Пащтыхьым и фэтэр нэхъыщхьэкІэ» зэраджэм, нэгъуэщІу жьпІэмэ езы пащтыхь дыдэм и штабым, зи унафэ щІэтри зи цІэр ІейкІэ Іуа граф Бенкендорфт.

Бгырыс шууейхэм, адыгэ фащэ щІыкІэу щІауэ, щыгъын дахэ ящыгъуэт. Офицер фэилъхьэгъуэм хыхьэт къэптал фІыцІэ къызыдэщ адыгэ цей щхъуантІэр, бащыкъ гъуафэр, мэлыфэ фІыцІэм къыхэщІыкІа пыІэ, и натІэ къекІуэкІым дыжьын уагъэ къедэкІауэ, гъуэнщэж бихъу, дыжьыныфэ кусинтІ и бгъухэмкІэ зэдэхьу. Урысейм къакІуэ хьэщІэ лъапІэхэми пащтыхьыр зэхуэупсэрт а фащэмкІэ.

Къаз-Джэрий дзэ къулыкъум зэманыштхуэ фІихьырт, итІани жэщмахуэ имыІэу абы иджырт урысыбзэмрэ литературэмрэ, тхэн Іуэхуми ерыщу пылът.

Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм абы иІэсе щщыкІэхь къулыкъу щищІащ. А шууей гупым абы и закъуэтэкъым тхэн Іуэхум зезытауэ адыгэу хэтар. Къаз-Джэрий щІыгъуу Бытырбыхуэ а лъэхъэнэм щыІащ Къэбэрдейм щыщ еджагъэшхуэ Нэгумэ Шорэ, тхакІуэ-этногрэф Крым-Джэрий, зэкъуэшхэу Хъан-Джэрийрэ Адыл-Джэрийрэ. Абыхэми я лъэпкъым къыхэуэщхьэпэнкІэ хъунУ Іуэхугъуэхэр зэрагъэзахуэрт, я къалэмыпэхэр ягъэжант. «Къулыкъу сщІэну Бытырбыхуэ сыкъэкІуа нэужь, - итхыжащ Нэгумэ Шорэ, - адыгэ грамматикэ стхыну сщІа мурадыр нэхъри къыспэкърыхьати, къулыкъым сыкъыщідэхуэ сыхьэтхэр къэзгъэсэбэпурэ, щІэдзащ урысыбзэмрэ абы и грамматикэмрэ джыным».

Нэхъ щІэхьыу а Іуэхум ижь ихьэныр къызыхэкІа нэгъуэщІ зы щхьэусыгъуи щыІэщ. Нэгумэмрэ Къаз-Джэрийрэ Бытырбыхуэ къкІуэным и пэ кьихуэу, эскадрон ныкъуэм хэт адыгэхэм урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ ирагъаджэу щІадзат. Петин Сергей зэриятхьажамкІэ, а Іуэхур мыпхуэдэу яублат:

«Язныкъуэ офицерхэмрэ Іэщэхьэхэмрэ урысыбзэр ящыну зэрыхуейр щыжаІэм... занщІэу университетыдэ а Іуэхум хухиащ кандидат Грацилевский Иван. Ар къэжэрыбзэкІэ фІыуэ псэлъэфырт, хьэрпыбзэр зэрызэхэлъми щыгъуазэт. А егъэджакІуэм урыс-адыгэ алыфбий зэхилъхьащ. ИужькІэ абакІэ и гъэсэнхэр зэхуэтхэу щытащ. Едэжным щІадзащ 1829 гъэм фокІадэм и 1-м».

Грацилевскэм зэхилъхьа альфбийм тету адыгэбзэр джын зэрыщІадзам мыхьэнэшхуэ иІэт. Щэн хэлъкъым абы алыфбийр щыхэхилъхьэм адыгэ зэрыдэІэпыкъуам, ауэ дэІэпыкъуэр хэтми тщІэркъым.

Урысейм и Іуэху нэхъыфІхэм я гупсысэхэм щыгъуазэ зыщщыпщІыну Бытырбыхуэ нэхъ щІыпІэфІ а лъэхъэнэм щыІакъым. И лъэпкъэгъу адрей щІэныгъэлІхэми хуэдэу, Къаз-Джэрий нэхъыбэ къызэрищІэным хущІэкъурт, щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыгъуазэ зищІырт. Псом хуэмыдэжу ар егугъуэрт. Урысейм щекІуэкІ гъащІэр, езыр щыпсэу лъэхъэнэм къыщыхъуэр кууэ зэриГъэщІэным. Апхуэдэ дыдэу ар хущІэкъурт къызыхэІа и лъэпкъым и тхыдэр зэрызригъэщІэным.

1830 гъэм бгырыс шууейхэм я еджэныр зэпамыгъэуэ хъуакъым. Хъан-Джэрий я шу пашэу эскадрон ныкъуэр Польшэм ягъакІуэ, абы къыщалэта зэщІэхьэнэгъэр зэхэзыхуа дзэхэм яхэту. Зы маза нэхъ дэмыкІыу бгырыс шууейхэр Вильнэ дыхьащ. Остроленкэ, Верпен, Райгород, апхуэдэу Панар лъагапІэхэм щекІуэкІа зауэ гущІэхэм Къаз-Джэрий аІыхьхъужьыгъэ нэс къыщигъэлъэгъуащ. Абы сыт щыгъуи щыІыгъащ Іэщэзехьэ Нэгумэ Шорэ. Нэгумэм зэрихьа лІыгъэм папщІэ орден кърат. 1831 гъэм мэкъуэгуэгъуэ мазэм и 16-м Ковнэ пэгъунэгъуу зэхаубла зэхэуэшхуэм Къаз-Джэрий уІэгъэ щохъу, мышынэжу зэрызауэр къалъытэри, къыхуагъэфащэ «Зэрихьа лІыгъэм папщІэ» жиІэу зытетха дыщэ медалыр. Абы и ныбжьэгъуфІ икІи и Іыхьлы Хъан-Джэрийри «Іыхьэнщэ» зыгъэхьэ, Іэзэу унафэ зэригъащІмрэ езым лІыгъэ щапхъэ игъэлъагъуэу и шууейхэм япэ зэритамрэ къалъытэри штаб-ротмистр ящІ. Бгырыс шууейхэр Ригэ, Минск къалэхэр къызэпаупщІри, 1832 гъэм Бытырбыхуэ къосыж.

1832 - 1835 гъэхэм ящыщ зым тохуэ Къаз-Джэрий тхакІуэ Муравьев Андрей нэІуасэ щыхуэхьуар. А тхакІуэм и ІэдакъэщІэкІэхэм, гъуэгуанэ тхыгъэхэм куэд къыщыбгъуэтынущ Кавказымрэ КъуэхІыпІэ Гъунэгъумрэ я тхыдэр джыным теухуауэ. 30-нэ гъэхэм Муравьев тхакІуэ Іэзэу и цІэр ІуакІэт. Пушкини щытхъуауэ щытащ абы «1830 гъэм бегъымбар щІыналъэхэм къызэрыщыкІухьар» зыфІища и тхылъ томитІ хъум. А тхылъыр абы лъэмыж хуэхъуащ Синодым и прокурор къулыкъур нубыдиныжкІэ, иужькІэ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысейм и Академием и лъэр нихьасынымкІэ. 1836 гъэм си ныбжьыр илъэс 30 ирикъуа Муравьев камергер хъуакІэт. Урыс усакІуэщІэщІадзат. Петин Сергей зэриятхьажамкІэ, а Іуэхур мыпхуэдэу яблат:

«Арэрум къызэрыщыщыкІухьам» тхыгъэм Пушкиным абы и цІэ къыщреІуэ: «Тырку зауэм хэта усакІуэхэм ящыщу сэ сщІыхуу щытар А.С. Хомяковрэ (зи гугъу ищІыр япэу Урусейм университет къыщызыуха, Къуэдзокъуэ Лэкъумэн илъэс куэдкІэ зи дежи щыпсэуа икІи щеджа Хомяковырщ) А.Н. Муравьеврэщ. ТІури хэтащ граф Дибич и дзэм. А лъэхъэнэм зым итхаци псэм и щІасэ усэ зыбжанэ, адерйм итхыну зигъэхьэзырырт иджы апхуэдизу псоми ягу ирихь и тхыгъэр - бегъымбар щІынальэм къызэрыщикІухьам теухуар».

Пушкиныжмрэ Муравьевырэ зэщІыгъуу еблагъэу щытащ гуащэ Волконскэ Зинаидэ и литературнэ хьэщІэщым. Абы кІуаІэрт Мицкевич Іэдэмы, нэгъуэщІ тхакІуэ щІэрыІуэхэри.

Муравьеви усэкІэ тхэуэ къыщІидар, зэгуэрым Волконскэхэр ар къызыщеджауэ щыта и усыгъэм ауан дыджкІэ жэуап иритыжыгъащ Пушкиным.

Хэт щІэн, абы дерс къыхихагъэт Муравьев, афІэкІа усэ итхыжакъым, ауэ пщІэ зыхуащІ тхакІуэ хуащ. Пушкинрэ щІакІуэ кІапэм щаукІыжу абы и ныбжьэгъуфІу щытащ. ИкІи Муравьеву хуэбгъэфащэ хъунущ Къаз-Джэрий урыс усакІуэшхуэм къежьагъэІыхуар. Пушкиным хуэфащэ гулытэ хуищІащ бгырыс щІалэ гурыхуэм. Арыншау дауэ хъунт?! Езы усакІуэшхуэми Урысейр Кавказым пыщІа хъунымкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэу къиалъэтэрт урыс щэнхабээ парытым бгырысхэр къешэлІэн зэрыхуейр. Ауэ Пушкиным къигурыІуэрт а Іуэхур зэрыхэпльэгъуэр.

«Адыгэхэм дыкъалъэгъу хъуркъым», - щетх абы «Арэрум къызэрыщыкІухьам». Апхуэдэу щІыщытыр зыгъэзахуэ щхьэусыгъуэри асыхьэту къехь: «Дэ ахэр тетхуащ я хъупІэ хуитхэм; я къуажэхэр зэхэтфыщІащ, язныкъуэ лъэпкъхэр кьанэ щымыІэу зэтедукІащ».

Мыбдежым тхыгъэм, ар хъыбар гукъеуэнщэм хуэдэу укъуэдиями, шэч хэмылъу, а лъэпкъхэр егъэкъуаншэ. Пушкиным къелъытэ бгырыс жьІэмыдаІуэхэм я «гуэкъэжыр» гъэкІуэдауэ зрыщІащ. Ауэ ар зэрыгъэкІуэнрэ, я ныбжьэгъуфІэхэм я дзэ щигъэкІуэну кІуэжами хэт ищІэн? Дэ абы дыщыгъуазэкъым. Апхуэдэу дэ дыщыгъуазэкъым адыгэ ІуэрыІуатэрэ зэхуэхьэсыжьынмкІэ Къаз-Джэрий сыт хуэдэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІами. Ауэ дэ шэч къытетхьэркъым абыкІэ и щІыхуэ къызэрытемынам. Кавказым ар къикІыжат и псэкІэ нэхъ жумарт, игукІэ нэхъ хъуэгъэ хуэхуэ, гухэхъуэ ин игъэтарэ тхэным хуэпабгъэу. ИкІи и гурыфІыгъуэхэр имыухыж щІыкІэ елэжьын щІедзэ и гъуэгуанэ тхыгъэм - «ХьэжьтІэгъуей аузым». Абы зделэжьым ар щІэх-щІэхъуэрэ хуэзэт Мурав ьев икІи ар щІигъэдэІурт и нэгу щІэкІахэм, и лъэпкъэгъухэм я Іуэху зыхуэдэм, Урысейм я адыгэхэмрэ фІыкІэ эдэгъэлэжьэным зэрегупсысым. Муравьев аІы Іущым къыгурыІуэрт Къаз-Джэрий зыхущІэкъуэр, къыгурыІуэрт щІэныгъэ ІуэхукІэ урыс пащтыхьыр щІэгъэкъуэн зэрымыхъунур. Абы Іэхъулъэхъут Кавказым хуихьыр. А псори, и щхьэр течауэ, и ныбжьэгъу бгырысым хужемыІыну, и жагъуэ зэримыщІыным елІаІэу, щабэу ириІуэтылІэрт Къаз-Джэрий зи ужь ит Іуэхур занщІэу зэрызэфІэмыкІынур. Ауэ адыгэ щІалэм итхам щеджэм, Муравьев нбзыщІакъым «ХьэжьтІэгъуей аузыр» игу зэрырихьар. Щэч хэмылъуи арат Къаз-Джэрий и тхыгъэр Пушкиным и «Современникым» езыгъэхьар. Пушкинри гуапэу къыІущІащ и цІыхугъэ щэрджэсым, тхыгъэр Іихри къыгъэгугъащ хущІыхьэгъуэ зэриухуэу ещІэну, ещІэрэ игу ирихьмэ, тхыгъэм щыщ зы пычыгъуи хутридзэну.

Урыс тхакІуэщхуэм игъэпэжащ и псалъэр: тхыгъэр, зыри зэримыхъужьыр, тридзащ и ныбжьэгъуэм.

(КІэуухыр 6-нэ нап.).

Эскадрон ныкъуэм щыщ адыгэ шууей.
Сурэтыр **Монтен Д.** *ищІащ. 1844 гъэ*

Адыгэхэр.
Сурэтыр **Сверчков Николай** *ищІащ. 1844 гъэ*

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Япэ адыгэ тхакІуэ

Къаз-Джэрий Сулътіан къыізэралъхурэ илъэс 205-рэ ирокъу

(КІэухыр.).

Кавказыр фІыуэ зылъагъу урысхэр гуапэу ІущІащ журналым адыгэ тхакІуэм и тхыгъэ зэрытредзам, ауэ ар шэуэ къызытехуахэри щыІэт. Жандармхэм я Іэтащхьэ граф Бенкендорф кьигъэІэлат «Хьэжьытlэгъуей ауэзыр» езыр къемыджауэ дунейм къыізэрытехьам. Кавказыр пщыІыпІэм игъэувэным, щыпсэухэр урыс щІыным нэхъуеиншэу щІэбэн а Іы нэлатым занщІэу и нэм бжъгъуу къыщІэуаІ ухитыныгъэ Іуэхур къызыхэщ гъуэгуанэ тхыгъэр, ари зытхар адыгэу. Журналыр къыдэкІри, махуиплІ дэкІауэ, 1836 гъэм мэлыжьыхым и 15-м, абы кІэзонэ письмо хуетх «Современникым» къыдэзыгъэкІым икІи абы и редакторым:

«Зи пщІэр льагэ Сергей и къуэ Александр! Уэ къыдэбгъэкІ «Современник» журналым и япэ томым итщ лейб-гвардие Кавказбгырыс эскадрон ныкъуэм и корнет Къаз-Джэрий Сулътіан эхилъхьа «Хьэжьытlэгъуей ауэ» тхыгъэр. Зи щІыхьыр ин пащтыхьым мыхьэнэшхуэ зиІэ и унафэм, 1834 гъэм кьищтам, кьеГъуэ Департаментхэм я Директорхэм, Штаб УнафэщІхэм, Интендант-генералхэм я щІыкІэ хуит зыкърамыгъэщІауэ къулыкъущІэ дзэзешэхэми, зкъралым хуэлажьэхэми литературпэ тхыгъэхэр - езыхэм ятхами зэрадзэкІами, ахэр сыт хуэдэ лЭужьыгъуэуи щрет - печатым ират мыхъуну;

Корнет Къаз-Джэрий Сулътіан и тхыгъэ зи гугъу тщІыр нэхъ пасэу къызэхэсыжьа Іыгъ сграгъэпэлъыну, ар си штаб унафэщІми ирагъэлъэгъуакъым»...

Абы къыхэкІы, Пушкиным хуагъэувырт дяпэкІэ апхуэдэ тхыгъэхэр тридзэн и пэ къихуэу, Бенкендорф е абы и штаб унафэщІым иригъэлъагъуу хуит зыкьригъэщІын хуейуэ. Щэч хамылъу, а унафэр Къаз-Джэрий Сулътіани къыІэрыхьат эскадрон ныкъуэм и дзэпщым е езы Пушкин дыдэм къыбгъэдэкІыу. Пушкиным Къаз-Джэрий Сулътіани зэуэ апхуэдэ письмо къаІэрыхьаГъэнкІи мэхъу. А псори зэпыдолъытри, Къаз-Джэрий Муравьев хуигъэхьа письмор щитхар 1836 гъэм мэлыжьыхь мазэм и кІэхэрауэ тыдогъахуэ. Мырац абы итар:

«ПщІэпхуэ зыхуэзщІ Николай и къуэ Андрей! Сэ си гугъаш нобэ уи дежь сынэкІуэну, ауэ си узынщагъэм и эзранкІэ а гурыфІыгъуэм сыхон.

Дыгъуасэ, фи деж сыкъикІыжа нэужь, сэ щыгъуазэ сыхъуаш пщым (*зи гугъу ищІыр Бенкендорфщ - Хь.М.*) хуит имыщІауэ офицерхэм я тхыгъэхэр трыригъэдзэну,зэрыхуимытыр, апхуэдэу щыщыткІэ, ди эскадрон шу пашэр сэ абакІэ Бенкендорф и къуэр Іун хуейщ. Абы къыхэкІыу, уэ арГуэру лъэІукІэ зыпхузоГьаэ: си ныбжьэгъум и жэрдэмкІэ стхыуэ къаэрыщыхъур кьищІэну, абы литераторхэм ярита си дэфтэр щІыкІур кьисхуэубгъуэтыжьафмэ, уепльмну. Бенкендорф ар щабэщІынщ, ауэ жраІэнущ иджы зыгуэр стхымэ, трезгъэдзэну хуит сищІыну; ар и щхьэусыгъуэу стха гуэр едэжн мурад ищІмэ, уэри уощІэ, абы фІэкІа сэ нэгъуэщІ зэрызимыІэр.

Уэ сыкъыІэзэрыпльтэмкІэ, уи ныбжьэгъуфІ, литературэмкІэ къуэш пхуэхъуа Къаз-Джэрийщ пщІэшхуэ пхуищІу нэзытхыр».

Урыс тхакІуэхэм къаэзэрыщыхъуар жаригъэІэну адыгэ тхакІуэм ита дэфтэр щІыкІур зыхуэдэр дэ тщІэрыкъым. Хуэдгъэфащэ къудейщ Къаз-Джэрий и «Къэжэр таурыхъ»р е дэ дызыщымыгъуазэ тхыгъэщІэ гуэр абы итауэ. А зыхуэзгъэфащэри пэжыкІэ мэхъу, сыту щІэпІэмэ, Къаз-Джэрий и лъэІур ягъэзащІэри, Бенкендорфи къагъэдэІуат кьыпэрымыуэну икІи 1836 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и пэщІэдзэхэм къыдэкІа «Современникым» и етІуанэ къыдэкІыгъуэм традзащ «Къэжэр таурыхъ» хъыбарыр.

Журналым и етІуанэ къыдэкІыгъуэр зыгъэхъэзырахэм яхэтащ пщы Одоевский В.Ф. Абы 1836 гъэм накъыгъэм и 10-м Н.И. Гончаровэ-Пушкинэм, усакІуэр Бытырбыхуэ зэрыдэмысым къыхэкІыу, хуитха письмомкІэ щІэупщІэрт: «Къаз-Джэрий и тхыгъэ «Къэжэр таурыхъыр» тедзэну е дыпэплъэну Сергей и къуэ Александр?»

Нэхъ пасэу зэрыжьытІащи, хъыбарыр традзащ журналым. АбыкІэ Къаз-Джэрий къыдэІэпыкъуар, дауи, Муравьевщ. Абырэ Ещанэ Отделенэм и унафэщІ Мордвиновым ельэІужри, ар Бенкендорф бгъэдигъэхьащ. Жандармхэм я Іэтащхьэм абы

Граф Бенкендорф Александр.
Сурэтыр **Ботман Евгений** *ищІащ. 1840 гъэ*

Урыс усакІуэшхуэ Пушкин Александр.
1833 гъэ

худимычыхьу хуэхьакъым.

Ауэ нэгъуэщІ еплъыкІи щыІэщ: щыхьэрым къэкІуэжа нэужь, Пушкиным мыупщІэрэ мыусэу тредзэ хъыбарыр. Мис абы нэхъ шэч кьытыбохьэ. Бенкендорф апхуэдэ зыгъуигъэщІэнутэкъым, епщІэпами - кьыпхуигъэгъунутэкым.

Езы усакІуэри Ещанэ Отделенэм и «пхъэщыкъум» ерагът зэребакъуэр. 1836 гъэм накъыгъэм и 18-м Мэзкуу кьиртхыкІыу абы хуитхырт и щхьэгъусэм: «Сыізэрыжурналистыр кьыщысщІэжкІэ сэр дыдэм си псэр си льэдакъэпэм носыж, иджыри си цІыхугъэ зэрысфІэмыкІуэдауэ кьэсхьащ пощцам и фажагъуэ икІи кьызэпэсащ: «Уэ пхуэтщІа дзыхьыр бгъэпэжакъым», нэгъуэщІ-кІинэмыщІхэри. Иджы сыт кьрикІуэнур си щхьэм? Мордвиновым сэ Булгарин Фаддейрэ Полевой Николайрэ я фэ кьызэпльынщ. Емынэм и эзранкІэ гурэ зэчийрэ сиІэу сэ сыкъыщалъхуат Урысейм...»

Пушкиныр хущІэкъэрт и журналыр нэхъ гъэщІэгъэнэ зэрищІыным, тхыгъэфІэхэр куэду икІи эмыщхьхэу зэрыгридзэным. Журналым нэхъыбэу тридзэрт тхыдэмрэ кьэхъуа Іуэхуэмрэ ятеухуаэхэр. УсакІуэшхуэр псэуху ду нейм кьытехьа кьыдэкІыгъуиплІым уКІуэцІрыплъыжэ, гу лъыботэ и журналымкІэ абы льэпкъхэм я зэпыбжьэгъуГэр игъэлъапІэу, игъэбелдзу зэрыщытам. Пушкиным кьыфІэІуэхут дэтхэнэ льэпкъми и тхыдэм кьыщыхьуа Іуэхуэгъуэшхуэхэр, кьылъыкъуэкІа гуэнэзгъуэхэр, кьылъыса гуфІэгъуэхэр. БлэкІаи дерс кьыхэхьи зэрыхуейр кьыгурІуэрт. Абы и щапхъэкъэ яп адыгэ тхакІуэм и кьаэмым кьыщІэкІа тхыгъэ ІтІ зэрытридзар?! Абы и щыхьэткъэ декабрист Якубович Александр Кавказым теуІуэн зэхилъхьа усэхэр журналым кьызэрытехуар?!

«Современникым» и зы кьыдэкІыгъуэ гуэрым тетащ 1812 гъэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм Тэрч щыщхэм къыдагъэлъэГъуа лІы-хъужьыгъэм, Дрезден кьыщащтэм адыгэ ротмистр Шэпшанкьуэр хахуэу зэрызэуам теухуауэ Денисов Давид и гукъэкІыжхэр. Шэпшанкьуэр нужькІэ урысыдзэм полковник хэхъухьат, зауэлІ цІэрыІуэу, партизану щыта Давыдов Денис и ныбжьэгъушхуэт. Давыдовыр икІи тхакІуэт, Пушкиным и льэхъэнэм щыІа усакІуэ нэхъыкьэм щыщт, Белинскэм зэритхамкІэ, ар «урыс поэзием и уэгум етІуанэ ІэшІэр щыІэ» щыІыгъ нэхъ вагъуэ нурышхуэхэм ящыщт».

Полковник Шэпшанкьуэр Къаз-Джэрий и ныбжьэгъуфІт. Араун кьыщІэкІынщ Денисовыр адыгэ тхакІуэм езыгъэщІыхуар. Е Пушкинт аХэр зэзышэлІар? Сыт хуэдэу щымытами, зи цІэ кьитІуахэр зэнэІуасэт.

Апхуэдэурэ зэшэлІа, зэныбжьэгъу зэхуэхьуэрт льэпкъ зэхуэмыдэхэм кьахэкІа цІыху Іущхэр, ахэр зыр адрейм хуэупсэрт я щІэныгъэкІэ, я гуэхэлъ нэхъыфІхэмкІэ, зэдарэгъуи хъуэрт гъащІэр нэхъыфІ ящІыну, кьэкІуэну лІэщІыгъуэхэми прахьэжьфырт гупсысэ нэхуэхэр - кьэхъуну щІэблэхэм я дунейр нэщхьыфІэ зыщІынухэр.

А псори зэзыгъэуІур урыс усакІуэшхуэ Пушкин Александррэ абы и журналымрэт. Ди кэжуэгу Къаз-Джэрий Сулътіани и зы хъуасКІэ хидзащ зи гугъу тщІы гупым кьэкІуэну зэманым хуэзщІэгъэста зэкъуэшыгъэм и мафІэм. Ар зыщысхьыжакъым, гуфэщІу щытар. Ауэ мыбдежым щыжьаІэн хуейщ адыгэ щІэныгъэлІыр езым фІэфІ Іуэхум нэхъыбэу зэрелэжьар; адыгэхэм я псэукІэм, я хабзэхэм, я Іуэрыіуатэм теухуа куэд абы зэрызэхуихьэсар, нужькІэ и тхыгъэхэм къызэрыщыгъэсэбэпыжьар.

Быгырыбыху къыгъэзэжа нэужь, и узынщагъэр зэрымыщІагъуэжыр щхьэусыгъуэ ищІри, Хъан-Джэрий къыхэкІыжащ дзэм, и хэкуми кьиргъэзэжащ. Тхэным гу хуищІаРэ и кьару ильыгъуэу дунейм ехьажащ 1842 гъэм. Зыщыпсэуар Екатеринодарщ. Хъан-Джэрий зэрылІыкІам и пэжыпІэр тэмэму зыми ищІэркъым, ауэ Бурнашевым зыхуиГьэфащэр мыращ: «Муслъымэн диным зи нэр кьыщхэрипхъуэхэм куэд щІауэ Хъан-Джэрий хуаІэт гуэбгъэжь. Зэгуэрым ар, ерэн щІыІэфІымкІэ и псыхуэзІэ иригъэКІри, ІэфІу жеят, пыгуфІыкІыжу, жеят зэи кьэмыушыжыну: дин лэжьакІуэхэм ар яуэІащ щхъуэхь зыхаДза ерэным ирагъафэри».

Хъан-Джэрий и КІуэдыкІар апхуэдэмэ, мыбдежым псори щыізэтохуэ: щылІа илъэсри (1842 гъэм), кьулыкъуклэ ар зыхунэсауэ щытари (полковникт икІи флюгель-адъютант), 1837 - 1839 гъэхэм Кавказ бгырысхэм я деж щигъэзэщІа лэжьыгъэри.

Къаз-Джэрий 1843 гъэм и кІэм подполковник хъуа кьудейт. Абы ирихьэлІэуи тхэным зэрелэІэжщыІэтэкъым.

1846 - 1849 гъэхэм, полковники хъуауэ, Кавказ линэм щыІа дзэхэм ар хэтащ, гуп гуэрхэм я унафэ ищІу. Япэ щІыкІэ абы и унафэм кьыщІагъэувэ ЕтІуанэ кьэзакъ полкыр, нэхъ иужьыІуэкІэ и ІэмыщІэ кьралъхьэ Кавказ линейнэ кьэзакьыдзэм и еханэ, еянэ бригадэхэмрэ Мэздэгу полкымрэ.

Къаз-Джэрий а лъэхъэнэм Ставрополь куэдрэ кьІуэрт, кьаІэ цІыхухъу гимназием щеджэхэм я Іуэху зытетым щыгъуазэт. ЕгъэджакІуэ Юхотников Федор кьызэриІуэтэжамкІэ, бгырыс лІакьуэлІэшхэм ящыщу я льэпкъэгъухэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныр нэхъ кьафІэІуэхут Къаз-Джэрий Сулътіан, Адыл-Джэрий, Ло Мухьэмэд сымэ... Гимназием адыгэзэр щезыгъаджэу щыта Бырсей Умар - зэфІэкІ зиІэ адыгэ щІэныгъэлІыр - Къаз-Джэрий ищІыхуу щытам шэч хэлъкъым. Хьэрып хьэрфхэм кьатрищІыкІри, абы 1844 гъэм зэхилъхьат «Адыгэбзэм и алыфбий», абыкІэ адыгэ щІалэхэр я бзэм хуригъаджэрт.

Япэ адыгэ щІэныгъэлІхэу Нэгуэмэ Шорэ, Къаз-Джэрий, Хъан-Джэрий, Кьрым-Джэрий, ЛъэтІохъущокъуэ Къазий, Адыл-Джэрий сымэ хуабжьу кьагъэсэбэпу щытащ адыгэ Іуэрыіуатэр. Абы кьыхахьырт езыхэр нэхъ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм ятеухуахэр икІи «зэманым и фащэр» щатІагъэрти, я лъэхъэнэгъуэхэр зыигъэпІейтей гупсысэхэмкІэ яуэдыжьырт.

А гупыр зэрипхырт ІуэрыІуатэр зэхуэхьэсыжьныр, абы кьыхахьыкІэ адыгэ тхыдэми, тхыбзэми, литературэми зегъэужьныр я зэхуэдэ гухэлъу, зыхуищІэкъу мураду зэрыщытым. Архивхэм иджыри кьэс кьытщаГъэпщІу зи гугъу тщІыхэм якъу зэхуилъар, ахэр зэкІуэгъужьгъуу щытарэ щымытарэ кьыджезыІэну тхыгъэхэр. Апхуэдэу щыт пэтми, а Іуэхум теухуауэ Гарданов Б.А. нукъуэдия гупсысэм дэ арэзы дытехъуэркъым. «Нэгуэмэ Шорэ и «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр» зыФища и тхыгъэм абы мыпхуэдэу щыжеІэ: «Зи цІэ кьитІуа адыгэ тхакІуэхэр (Хъан-Джэрийрэ Къаз-Джэрийрэщ зи гугъу ищІыр - Хь.М.) бгырыс уэркъэхэм кьыхэкІати, Нэгуэмэ Шорэ, уэрэкъуэдзэ лъукъуэлІыр, зэрапэсыртэкъым».

ФІэщ щІыгъуейщ адыгэм Іущхэм, щІэныгъэщхуэ зыбгъэдэльахэм закъыфІэщІыжьауэ «фу, фІыхуэм!» жаІэу щытауэ. ЦІыху гъэсат, куэди я нэгу щІэкІат абыхэм.

Къаз-Джэрийрэ Хъан-Джэрийрэ я гъащІэм фІыуэ щыгъуазэм жиІэнукъым профессор Гарданов щыхьэхэм ярипсар. Хъан-Джэрийрэ Къаз-Джэрийрэ «лъхужьхуэ»І Нэгуэмэ Шорэ зрамыпэсу щытащ» жьпІэн щхьэкІэ щапхъэ къэбгъэлъэгъуэн хуейщ. Ауэ осетин щІэныгъэлІым апхуэдэ кьыхуэгъуэтакъым.

ЕпщыкІубгъуанэ лІэщІыгъуэм и 50 гъэхэм Къаз-Джэрий Кьэрэшейм яГьакІуэ Кавказ къуршэм кІуэцІрыша гъуэгур, Лабэрэ Псыжьрэ зэпыщІар, зэригъэпэщыжыну. Кавказ линэм и ижьрабгъу лъэныкъуэм и дзэ Іэтащхьэ генерал-лейтенант Филипсон 1858 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 25-м пщы Барятинскэм хуитха рапортым щыжеІэ: «Псыжь Ищхъэ округым и дзэ Іэтащхьэ полковник Къаз-Джэрий Сулътіан ротитІ, бгы топгъауэу зы взвод (къэзакъищэрэ милицищэрэ хъуэу) щІыгъуу Теберда Ищхьэм и Іэгъуэблагъэхэм гъунэжу кьыщыкІ мэзыр пнупщІурэ, уху эныгъэм ирахьэлІэн пхъащхьэ Псыжь къырегъэхьэх».

50 гъэхэм и кІэм Къаз-Джэрий яхэтащ зекІуэ екьахэм. Зэхэуэ щыІахэм къахэжаныкІа къыщІэкІынти, абы къратащ «АІыгъэ зэрыхьэлъым папщІэ» жиІэу зытетха дыщэ сэшхуэр.

1859 гъэм Къаз-Джэрий чыристан диным йохьэ, абы иужькІэ мазэ зыбжанэ докІри, ар генералмайор ящІ.

1863 гъэм мэлыжьыхь мазэм и 11-м дунейм ехьажащ япэ адыгэ тхакІуэр, урыс генералыр.

Фэеплъ мыкІуэдыж

ІЭДЖЭУИ уегупсысыж хъунущ Къаз-Джэрий Сулътіан къигъэщІа гъащІэм. Псэуху зи диныр зыхъуэжам, и лъэпкъыр Іисраф зыщІхэм джатэ кьиха зыІыгъыу яхэтар, пащтыхьым и нэфІ кьиІыхьуэуурэ, кьуІуэхьушхуэ зыубыдар, напэмрэ цІыхугъэмрэ емыззэгъ нэгъуэщІ кьуанщагъэ Іэджи зыщІар «дыщэу» кьэпльытэныр емыкІуэшхуэ зыхьурт. Хэт щІэрэ, мыжурэкІэ щІащкІа адыгэ, кьэрэшей жылагъуэхэм, топышэкІэ кьагъэсэхьжа гнагъуэхэм, зи сабийхэр хэкІуэда анэхэм абы гьбзафищэр хуагъэшу, пу нэлат ирахьу щытами. «НтІэ, сыт абы щхьэкІэ? Пащтыхьым и зауэлІти унафэр игъэзащІэт», - жаІэнщ зи гугъу тщІа гуауэм хуэдэр зымыгъэунэхуа гуэрхэм, щІыубнэфхэм хуэдэу зрагъэтІысхьа гъуэ кІыфІыр жэнэту къэзылъытэхэм, ауэ апхуэдэу жеГьэІэт питаерыдзэм зэрихьа лейр, абы и пыхъуэпышэ полицайхэм я ІуэхущІафэ фІейхэр зи нэгу щІэкІахэм. Апхуэдэм и лыр узынщ, ауэ щыІэщ нэгъуэщІым и гуауэм гурыфІыгъуэ къыхэзыгъуэтахэри. А псор щІыжьтІэжьыр Іэщэ кьихьакІэ зи льэпкъым езэуэжар зэи бгъэзахуи бгъэпажи мыхъуну кьыщІобжри аращ.

АтІэ апхуэдэхэр зыгъэзахуи бетъымбару къэзылъытахэри ди тхакІуэ, тхыдэтх нэхъыжьхэм мащІэу яхэтащ... Дэри мы тхыгъэм Къаз-Джэрий генералыр щытІэтыркъым, ауэ икІи дгъэльахъшэркъым Къаз-Джэрий щІэныгъэлІыр, тхакІуэр. ЦІыхьтІ зыфІэтым хуэдэт ар - зымкІэ фІым хущІэкъуу, адрейм Іей фІэкІа иримыгъэлэжьу. Мы жьтІэри зытеухуар ди лъэпкъэгъу щІэныгъэлІым игъэхъуа ІуэхуфІхэращ. Фы и льэныкъуэкІэ зыщІэхъуэпсар къэхуэлІакъым абы.

Ди псалъэм и Іэухъу щыгъуазэ фытщІынщ Къаз-Джэрий и лъэпкъэгъуэм, бгырыс псоми зэрахуэхъуапсэу щытам и зы щапхъэ: 1846 гъэм щыцхьэІу мазэм и 28-м Кавказ корпусым и дзэ Іэтащхьэ пщы Вороншов хуигъэхьа письмом абы зыбжанэрэ щыжеІэ Кавказым и телъхъэ хъуну, ар щэнхабзэм иришэлІэну Урысейм нэхърэ нэхъ Іущи нэхъ Іущи зэримылъагъур. ИбзыщІкъым зыщалъхуа и льахъэм зэхъуэкІыныгъэфІхэр кьыщыхъуным темыпыІэжу зэрыпэплъэр. А зэхъуэкІыныгъэхэри мамырыгъэм кьыдэунэхуну щогугъ. «Зауэ-банэр нэхъ щІэх уныІан папщІэ, бгырысхэм дащІ сатум зегъэужьын хуейщ», - пещэ абы и гупсысэм.

ЯпэкІи зэрыщыжьытІащи, куэдмащІэ итхами, Къаз-Джэрий ди адыгэ литературэм и тхыдэм и цІэр къыхэнэнущ. «Хьэжьытlэгъуей ауэзымрэ» «Къэжэр таурыхъымрэ» тхакІуэм и фэеплъ мыкІуэдыжжэщ.

Кавказ-Бгырыс эскадрон ныкъуэм хэт адыгэ офицер.
Сурэтыр **Гагарин Григорий** *ищІащ. 1844 гъэ*

Урысыдзэр Польшэм щытекІуа махуэр ягъэлъапІэ. ГуфІэгъуэм хэтыну ирагъэблэгъащ Петербург щеджэ адыгэ щІалэ цІыкІухэр - Тыгъуэн Пщымахуэрэ Тамбий Алийрэ. Абыхэм ябгъэдэтщ Айдемыр Бэчмырзэ-пщыр.
Сурэтыр **Чернецов Георгий** *ищІащ. 1831 гъэ, жэпуэгъуэм и 6*

Пащтыхь Александр II и къуэхэу Сергейрэ Павелрэ адыгэ фащэр фІыуэ ялъагъурт.
Санкт-Петербург, 1869 гъэ.
Сурэтыр **Левицкий Сергей** *трихащ.*

Кьэжэр Альберт, Ажахъуэ Кьанщобий, Жаным Руслан

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Кардэн Самир, Шыгъэлыгъуэ Уэджид, Хеймащэ Орхьан

Пащты Борис, Пугачев Вячеслав, Чыкуэ Нурбий

Лъэпкъ Іуэхум нэхъыщхьэ щыІэ?

Ди газетым зэрытетащи, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм и зэхуэсыщхьэ зэлыкъыкъым и 21-м Налшык кьалэ щекIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Урысейм, Тыркум, Иорданием, Сирием щыІэхэт Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ я лыкIуэхэмрэ. Апхуэдэу кьрагъэбдзэгъат УФ-м и Федерацыр Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым КъБР-м и лыкIуэу хэт Кьэжэр Альберт, «Россотрудничество» Іуэхущапіэм ди хэкуэгъуэмрэ правительствэм пымыщІа зэгухьэныгъэхэмрэ ядэлэжьэныкIэ и управленэм и унафэщым и кьалэныкэр зыгъэзащІэ Пугачев Вячеслав, Кьэбэрдей-Балькъэр, Кьэрэшей-Шэрджес, Адыгэ Республикэхэм я къэрал кIуэлыкIуэщапIэхэм я лыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗЭЛУЩІЭР кьыдэIунхащ икIи иригъэкIуэжащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Ажахъуэ Кьанщобий**. Хамэ кьэралхэм, Москва кьалэм кьыкIэ хьэщIэхэм фIэхъус гъсапсыкIэ захуигъэзащ къуэ, зэхуэсыр зэрекIуэкIыну щыкIэмкIэ зэчэнджэщри, кьыхалъхьа гупсысэхэри кьэлыгъэ Іуэхум иужь ихьащ.

ЗэІущІэм зыщытепсэлъыхьыну хэтэпсахэм ящыщу апэ ирагъэщар Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэху щыгъуэ абыхэм ядэІэпыкъуныкъуэхэтІаущ мы зэманым ирихъэлІэу зэфІэкIахэмрэ теухуаратІ, Кьанщобий щыпсэу ирагъэщар Сирие Хьэрыпх Республикэм щыпсэу адыгэхэр зыхъуэхь хьэлэблыкIыр зрагъэльагъуну, зэрызыщагъэзыкъуэну Іэмалхэр яубзыхуну Іуэхум ящищІу Урысей Федерацэм я къэралым игъэкIуа гупым я пашэу щытта сенатор **Кьэжэр Альберт**.

Абы кьыхихгъэщащ ди зэхуэгъуэгъэ зэрыхуэ щытыкIэ гуГъур зрагъэльагъун папщІэ УФ-м и Федерацыр Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІ Матвиенкэ Валентинэ и жэрдэмкIэ СХьР-м езыри ДАХ-м и тхьэмадэрэ зыхэта гуп зэрагъэкIуэр.

- Зи гугъу сшІы гъэзэуанэм, абы дызэрыщыдам, щытлъэтуэм теухуа тхыгъэ куэд тетащ газетхэм, ди къэралым исхэр абы фIыуэ щыгъуаззщ, - жиІащ Кьэжэрым. - Зэкъуэш республикищым и Лыкъуэхэр зыхэта я гупым и кьалэн нэхъыщхьэр ильэсым щIигъуаущ СХьР-м щекIуэкI зэпэщэтыныгъэм адыгэхэр зыгъэзэрегъэхьыр, дэ зэрызащІэдгъэкъуэфину щыкIэр зэхущІыныр арати, абы щыдгъэкIуа нахъуэ бжыгъэм куэдИзащ. Дызыщыщхьэм я псалъэм ятепщІыхьмэ, нэхъыбэр мэгугъэ я къэралым псэуКIэр мамыр щыхъуну, я щыгъэм кьинэжьыну, апхуэдэ гупсэфIым и тегъэщІапIэу кьагъэлъагъуэр, даун, Урысей Федерацэм и дзэпсыхьныгъэр, Кьыз эрыджвІаIэмкIэ, зэуІуэ зыкъаІэту кьыщIежьэжьым щхьэусыгъуэ зэкIэ яІэжьым. Ауэ, пэжщ, зи уни эн льапси я зэтекъутауэ, зэрызэхуэсыр мыльку зыбгъэдэмыльныжэри яхэтщи, мис апхуэдэхэм Іэмал имыІэу защІэдгъэкъуэн хуеящ.

СХьР-м дыщІэкIуа Іуэхум, гъэзэуанэм кьыркIуа гупсысэхэмрэ Іуэху епльыкIэхэмрэ зэщІэкъуауэ кьалэныгъэ, уэрэтетын хуейр зыщ: Сирием кьщыщхьуну псор зыми ищІэрыбым, дэ сытми дыкъэхъэшІу дыщыбгъэльыпхъэщ. Тхьэм кьихъуну, дэ абыхэм я мыгъуагъи я гугъуехьи къэтлъыхьэркъым, ауэ къэрал власти жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри зэщІыгъуу ди хэкуэгъуэм дадэІэпыкъун хуейщ.

Адыгэу СХьР-м щыпсэухэм ятехуэуу дышыщысапхьэщ, зыщІдгъэгъупщэ хъунукъым Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я хэкуэгъуэу щыхъу мин 30-м нэс абы зэрисыр. Ийби УФ-м зыми (зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ) лей кьытригъэхьэнукъым, и хэкуэгъуэм еш кьыркьабзэу, адыгэхэмя кьащхьэщыжынущ, я Іуэху зэхуэдэу дигъэкIынущ.

Кьэжэрым жиІащ Сирием щыпсэухэм я Іуэху зыгъэзэрэ зэрыхуэхэр ягурыдгъэкIуэ я комитетым и пащхьэ зэрырилъхьэжащ. «Россотрудничество» Іуэхущапіэм игъэзэкIуэжа Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ Республикэхэм я къэрал кIуэлыкIуэщапIэхэм я лыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Чачыхьу Мэжид

Сохьутэ Асэр

Махуэ Владимир

ЛІэужь Фарукь

«Россотрудничество» Іуэхущапіэм игъэзэкIуэжа Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ Республикэм и Парламентым, Правительствэм зэгъэсэу зэрагъэпсар. Абы и купщІэ нэхъыщхьэр лэжьыгъэкIэ, щэнхабзэкIэ дапщІыдаущ щытыныр, хуэныкьуэхэм ядэлэпыкъуныр.

- Дэ ди фIэщ хьуащ зэгуэрым дуней псом щикъухьа хьуа ди лъэпкъэгъуэхэм ядэлэжьэным, пыщІэныгъэ яхуиІэным теухуауэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм кьэрахъэжьа сыт хуэдэ Іуэхури федеральнэ, щIыналъэ властхэм зэрыдаІыгъынур, - кьыхигъэщащ Жаныжым. - А Іуэхум льабжьэ хуохъу дипломатие Іущымрэ зэрагъэз дахьыжмрэ. Хэхэс адыгэхэр кьапщтэмэ, бзыхэм яхуди? пыщІынагъэм нэхъри зиужьыныжмкIэ сэбэныпшхъуэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэр. Фи мурадхэр кьыдэжьэхьуПІэну си гуапщ.

Аджэдэ псалъэ иратащ КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Іуэхуэхэмкіэ и кьэрал комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**.

- Властымрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ зэдэлажьэмэ, Іуэхур нэхъ кІуэтэнущ, - пищащ абы. - Кьапщтэмэ, сэ си пщэ кьыдалъхьауэ, Сирием ис адыгэхэр зыхэхуа хьэлэблыкъым кьыхъэшьа нэхъри хуэунэтІауэ едгъэкIуэжІ лэжьыгъэм теухуа хьыбар КъБР-м и Іэтащхьэм и пащхьэ изольхьэ маэз кьэс зэ. Абы и нэмІэ щІэтщ ди лъэпкъэгъуэ хэр зыхэтэ гугъуехьымрэ хэкум кьэзыгъэзэжьыну хуейхэм я Іуэху зыбгъуэмрэ. Республикэм правительствэ комиссэ щхьэжьхуэ кьыдзэригъэпэщащ, абы хэкIыпIэхэмрэ дазэрыдэІэпыкъуну щыкIэхэмрэ щыдоубзыхьащ, а псори, щэч хэмылъу, программэ щхьэхуэм тету догъэпс.

Гульытэ хэха яхудощ Сирием щыщу Налшык щеджа студентхэм. Ахэр кьыздикIа кьэралым щыпсэуэхэр гуп щхьэхуэ-щхьэхуэ зэрыгъэхъуауэ зэрыкъэтэщІэтэр ныбжьыщІэхэм ди нэІэ ятетщ. Я мылькум кьыхахьыуэр абыхэм зыщІадгъэкъуауэ Кьаноокъуэ Арсен, Ерэчэн Тембулат, Ажахъуэ Кьанщобий сымэ. Апхуэдэуи я унэ, льапсэ ямыІэжу щыху 40 хуэдиз адэжь льахэм кьэкIуэжащ, абыхэмэ дадоІэпыкъу. Сыт хуэдэу кьыхэзгъэпэщыни, ди гумащІагъэ хуэныкьуэуэ кьэзыгъэзээж ди лъэпкъэгъуэхэм защІэрыкIыну хуэунэкъуэну, УФ-м и хабзэм дытету я Іуэху зетхуэнущ.

Пащтым кьыхихгъэщащ иратэкIуэкI Іуэхуэхэр кьайхьулІэн папщІэ, къэрал, щIыпIэ властхэр зэрыІэзэщІатэхэуІуар, апхуэдэуи ДАХ-р, КъАХ-р, «Алан» балькъэр якIалэгъуэ зэгухьэныгъэр, «Пэрыт» хасэр сэбэп кьаэзрыхуэхьур. Гъэ кьэс зи ужь ит Іуэхуэм я гугъэу щищІым, Пащтыр кьытеувыщащ Иорданием, Сирием, Тыркум, Германием, Израильм, США-м, Кьэзахстаным, Кьыргъызыстан, Эстонием щыІэ ди лъэхъуэхэм я зэгухьэныгъэхэм зэрапыщІар. Ахэр я щІэгъэкъуэну, ныбжьыщІэхэр гъэ кьэс кьызэрыгъэзэлагъэр, Налшык и зыгъэпсэхупІэхэм, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ центрхэм зэрыщагъэІэр, я лъэпкъэгъуэхэм яхэсхьыни, анэдэлъхубзэр зрагъэщІэн, бзэм, хабзэм щымыужьын папщІэ лэжьыгъэ пыухыкIа зэрыгъэкIуэжыр кьыхихгъэщащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм республикэм и кьэралІуэхуэ Іуэхуэхэр зэкIэлъыгъэкIуэнымкIэ и управленэм и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьыщыпсалъэм кьыхихгъэщащ зэхуэсым зи гугъу щащІэжь мыкъэнэщхуэ зэрэІэр, дэнэ щыІэ адыгэри зэрыбгъынэ зэрыхуейр.

- Сэ фыкьыщогъэгугъэ зыкъыгъэпсэлъэн Іуэхуэр КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм деж нэзгъэсыжыну икIи акъыльэгъу кьыбзэхъуэ кьефхьэжьэ Іуэхуэмкіэ кьыхъэрфкIуэурэ знымкIэ псалъэ фызот. Сирием щыпсэу адыгэхэр зэрыхуэ щытыкIэм кьытшьи, дэ кьыхъэрэгъщыгугъыр яхуэтщэфын щхьэкIэ, властри жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри дызэдэлэжьэн зэрыхуейм щэч кьытесхьэрэкьымэ, мис абы и ужь диГъэт.

ДАХ-м и Хасащхьэм и зэхуэсым кьыргъэблэгъат Сирием кьыкIыжауэ Налшык щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я лыкIуэхэр. **ЛІэужь Фарукь** СХьР-м щыхэзыхэ адыгэхэм я щхьэ кьрикIуэ зэрыгъэхуэ, зэрыгъэхьэнымрэ я кьэралІуэхуэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр щІэгъэкъуэн зэрыщыІэр.

- Пэжщ, зыгъэпсэхупІэм дыщІагъэтІысхьаш, дагъашхэ, дахъуэпІэ, зэрыжаІуэ, ауэ абыкIэ зэфІэкIынукъым, - кьыпищащ Фарукь. - Дэ фэ дыфIыпIэу дыхуеящ дыкьыдэжьауэ арахьаш, фи пщэмэ дыдэсыну дыхуейкьым. Дызыхуейр дэфтэрхэр нэхъ псынщІэу зэтегъэпщынкьыжьэ сэбэп фыкьытхуэхуныщІ. ИтІанэ лэжьыгъэ ІэнатІэ кьэлыхьуэнри уиз кьэщэхунри д э ди гуащІэ кьыхъыныгъ. Иджьитуэ кьэкIуэжар дымащІэщи, ягъэ кIыркьым, ауэ Іуэхур нэхъ Іей хьурэ гъуэгу кьыштекьэжьнухэм я бжыгъэм хэхъуэмэ, кьэхъункIэ хъунур нэгум кьыщІэгъэхъэгъуейщ.

Фарукь ирогуэавэ тхьилъхэр зэрызэфІэмыкьым кьыхъэйуэ, бзэфIэйри дежьапІэхэм зэрамыщтэм, щІалэгъуалэр ІэнатІэхэм зэрыщІэмыгъэхьэм. Апхуэдэуи я щхьэ Іуэху зэрахуэжьын папщІэ, къэрал хабзэхэм тэмэму зэрыщымыгъуазэм зэригъэгужьейр жиІащ. Нэхъыжьым кьыхигъэбелджьылыкIащ Сирием зыми кьызэрыримыхужьжьар, езыхэмэ я лъэхэр зэрыхьфIамыдзэр, атІэ я кьуэшхэм яхэсыну, я бзэ ирипсэльэну, я хабзэ зэрахьэну я хэкужь кьэкIуэжу зэрыгъэдр.

Абы и псалъэхэм дыщІигъуу, Іуэхум и хэкIыпІэу кьилытхэхэр кьыхъэжьэ Іуэхуэм и Іэтащхьэ и Адыгэ Хасэм и Лыкъуэ зэІущІэм хэта **Бырсекъуэ Орфан** жиІащ адэжь щыналъэм щыІэ жьыкъуащІэхэри хэкужьхэр зэрыхуэхэрыкъуэскъэжьхэм зэрахуэсакьыр зэрэзэхихыщІыкІыр, зэрызехьэр нэхъ гуащІэ хьурэ кьэдыгъэжьэр нэмэзыбэ я кьэжьыкъуэмэ, гуГуехь куэд зыпыщІа дэфтэр Іуэхур Іэмал зэрирІэкІэ нэхъ зэрыщІагъэпсыщІэмкIэ нужь итыну кьыхуриджащ.

Тыркум щыІэ «KAF-FED» зэгугъэныгъэм и тхьэмадэ **Шыгъэлыгъуэ Уэжид** кьыхихьащ а къэралым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэри щІэгъэкъуэн кьэдгъэзыжьэнукъым. Ди кьуэшхэм сыт и лъэныкъуэкIи дадэІэпыкъуну дыкьэзыщІыр, - жиІащ абы.

- Ажахъуэ Кьанщобий диныгъащ хьэщІэм и псалъэхэр икIи псори зы гупсысэм тету лэжьэн зэрыхуейр, щхьэж хуэзэфIыкIынумрэ я кьэлэныкъым. Ди кьуэшхэм сыт и лъэныкъэкIи дадэІэпыкъуну дыкьэзыщІыр, - жиІащ абы.

Ажахъуэ Кьанщобий диныгъащ хьэщІэм и псалъэхэр икIи псори зы гупсысэм тету лэжьэн зэрыхуейр, щхьэж кьэзэфIыкIынумрэ я кьэлэныкъым. Ди кьуэшхэм сыт и лъэныкъэкIи дадэІэпыкъуну дыкьэзыщІыр, - жиІащ абы.

Ажахъуэ Кьанщобий диныгъащ хьэщІэм и псалъэхэр зэрыхуэхэрыкъуэскъэжьхэм зэрахуэсакьыр зэрызехьэр, зэрызехьэр нэхъ гуащІэ хьурэ кьэдыгъэжьэр нэмэзыбэ я кьэжьыкъуэмэ, гуГуехь куэд зыпыщІа дэфтэр Іуэхур Іэмал зэрирІэкІэ нэхъ зэрыщІагъэпсыщІэмкIэ нужь итыну кьыхуриджащ.

Тыркум щыІэ «KAF-FED» зэгугъэныгъэм и тхьэмадэ **Шыгъэлыгъуэ Уэжид** кьыхихьащ а къэралым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэри щІэгъэкъуэн зэрыхуейр, абыхэм я дзэпкъыныгъэ зэрыныкъуэ хэр зэрыхуэгъэхьэнымрэ зэрыщІэгъэкъуэнымрэ я лъэныкъуэ. Тыркум кIуэнущ, абы кьыкIыу Урысейм кьэкIуэжьынымкIэ сэбэп зэрыхьуфынри жиІащ. «Ди кьуэшхэр зыхуейкIэмкIэ дгъэщІэхьуныкъым, ДАХ-м кьалэн кьыщІищІэкъэ дгъэщІэхьуныкъэ, абыхэм я кьыхьапекIуэкI кьэдгъэзыжьнукъым. Ди кьуэшхэм сыт и лъэныкъэкIи дадэІэпыкъуну дыкьэзыщІыр, - жиІащ абы.

Ажахъуэ Кьанщобий диныгъащ хьэщІэм и псалъэхэр икIи псори зы гупсысэм тету лэжьэн зэрыхуейр, щхьэж кьэзэфIыкIынумрэ я кьэлэныкъым. Ди кьуэшхэм сыт и лъэныкъэкIи дадэІэпыкъуну дыкьэзыщІыр, - жиІащ абы.

Я Іуэху епльыкIэхэр кьагъэлъагъуэу къэпсэлъэщ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Чачыхьу Мэжид**, ДАХ-м и тхьэмадэм и чэнджэщэгъу **Мэшхуэфі Нэждэт** сымэ.

Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лъэныкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ **Уэхутэ Александр** Пугачев Вячеслав зыхуигъэзащІэм кьэкIуэжьхэр абы щекIуэкI Гъэщхэм щыхэбзэйкIри дзжанІэхэм зэрамыщтэм, щІалэгъуалэр ІэнатІэхэм зэрыщІэмыгъэхьэм. Апхуэдэуи я щхьэ Іуэху зэрахуэжьын папщІэ, къэрал хабзэхэм я кьытеувыщащ Иорданием, Сирием, Тыркум, Германием, Израильм, США-м, Кьэзахстаным, Кьыргъызыстан, Эстонием щыІэ ди лъэхъуэхэм я зэгухьэныгъэхэм зэрапыщІар. Ахэр я щІэгъэкъуэну, ныбжьыщІэхэр гъэ кьэс кьызэрыгъэзэлагъэр, Налшык и зыгъэпсэхупІэхэм, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ центрхэм зэрыщагъэІэр, я лъэпкъэгъуэхэм яхэсхьыни, анэдэлъхубзэр зрагъэщІэн, бзэм, хабзэм щымыужьын папщІэ лэжьыгъэ пыухыкIа зэрыгъэкIуэжыр кьыхихгъэщащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм республикэм и къэралІуэхуэ Іуэхуэхэр зэкIэлъыгъэкIуэнымкIэ и управленэм и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьыщыпсалъэм кьыхихгъэщащ зэхуэсым зи гугъу щащІэжь мыкъэнэщхуэ зэрэІэр, дэнэ щыІэ адыгэри зэрыбгъынэ зэрыхуейр.

- Сэ фыкьыщогъэгугъэ зыкъыгъэпсэлъэн Іуэхуэр КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм деж нэзгъэсыжыну икIи акъыльэгъу кьыбзэхъуэ кьефхьэжьэ Іуэхуэмкіэ кьыхъэрфкIуэурэ знымкIэ псалъэ фызот. Сирием щыпсэу адыгэхэр зэрыхуэ щытыкIэм кьытшьи, дэ кьыхъэрэгъщыгугъыр яхуэтщэфын щхьэкIэ, властри жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри дызэдэлэжьэн зэрыхуейм щэч кьытесхьэрэкьымэ, мис абы и ужь диГъэт.

ДАХ-м и Хасащхьэм и зэхуэсым кьыргъэблэгъат Сирием кьыкIыжауэ Налшык щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я лыкIуэхэр. **ЛІэужь Фарукь** СХьР-м щыхэзыхэ адыгэхэм я щхьэ кьрикIуэ зэрыгъэхуэ, зэрыгъэхьэнымрэ я кьэралІуэхуэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр щІэгъэкъуэн зэрыщыІэр.

- Пэжщ, зыгъэпсэхупІэм дыщІагъэтІысхьаш, дагъашхэ, дахъуэпІэ, зэрыжаІуэ, ауэ абыкIэ зэфІэкIынукъым, - кьыпищащ Фарукь. - Дэ фэ дыфIыпIэу дыхуеящ дыкьыдэжьауэ арахьаш, фи пщэмэ дыдэсыну дыхуейкьым. Дызыхуейр дэфтэрхэр нэхъ псынщІэу зэтегъэпщынкьыжьэ сэбэп фыкьытхуэхуныщІ. ИтІанэ лэжьыгъэ ІэнатІэ кьэлыхьуэнри уиз кьэщэхунри д э ди гуащІэ кьыхъыныгъ. Иджьитуэ кьэкIуэжар дымащІэщи, ягъэ кIыркьым, ауэ Іуэхур нэхъ Іей хьурэ гъуэгу кьыштекьэжьнухэм я бжыгъэм хэхъуэмэ, кьэхъункIэ хъунур нэгум кьыщІэгъэхъэгъуейщ.

Фарукь ирогуэавэ тхьилъхэр зэрызэфІэмыкьым кьыхъэйуэ, бзэфIэйри дежьапІэхэм зэрамыщтэм, щІалэгъуалэр ІэнатІэхэм зэрыщІэмыгъэхьэм. Апхуэдэуи я щхьэ Іуэху зэрахуэжьын папщІэ, къэрал хабзэхэм я тэмэму зэрыщымыгъуазэм зэригъэгужьейр жиІащ. Нэхъыжьым кьыхигъэбелджьылыкIащ Сирием зыми кьызэрыримыхужьжьар, езыхэмэ я лъэхэр зэрыхьфIамыдзэр, атІэ я кьуэшхэм яхэсыну, я бзэ ирипсэльэну, я хабзэ зэрахьэну я хэкужь кьэкIуэжу зэрыгъэдр.

Абы и псалъэхэм дыщІигъуу, Іуэхум и хэкIыпІэу кьилытхэхэр кьыхъэжьэ Іуэхуэм и Іэтащхьэ и Адыгэ Хасэм и ІХ Зэхуэсыщхьэр кьыхэзыхэрагъэзэрэщынурати, **Дзэмыхь Кьасболэт** жиІащ ар щрагъэкIуэкIыну хэгъуэгум щыІэ Адыгэ Хасэм куэд и пащ кьыхэзрадзэхэр, кьыщынэмыщІауэ, хьэщІэхэр кьегъэблэгъэныр щегъэжьауэ Іуэхуэр зэбгъэдэлэн папщІэ Правительствэм и нэІэ щІэтын зэрыхуейр. Зэхуэсыщхьэр зэрекIуэкIынур яГъэхьэзырыр, ягъэхьэзырын, ягъэпсын папщІэ КьызэгъэпщащІэу комитет зэхащІэну кьыхилъхьащ **Ажахъуэ Кьанщобий**. Абы псори арэзы дзэ икIи мы гъэм и ижь-иужьгъуэм зэхьхьэну трауухащ.

Адыгэбзэр хамэ кьэралхэм щыхьумэнымэ теухуа зи чэзу щІэныгъэ зэхъуэкIа 2012 гъэм Тыркум щегъэкIуэкIынымрэ Іуэхуэкіэ кьэпсэльащ **Шыгъэлыгъуэ Уэжид.** Абы жиІащ ар жэпгъэхъэм и кІэ махуэхэм зэрытрауухэр, программэм иджы щыщІэдзауэ зэрелэжьыр.

- Абы кьыкІэльыкІуэу кьэпсэльащ **Мэшхуэфі Нэждэт**.

- Дунейпсо Адыгэ Хасэр зэрызэхащэр бзэм зегъэужьным, хьумэным долэжь, - жиІащ кьэпсэльащ. - Абы теухуа зэІущІэ, конференц куэд едгъэжьэжащ. Ауэ купщІэр нэхъ зыхьыжьыр бзэм теухуа пониторэщІэр, абы дытепсэльыхьмэ, сФэзгъэущ. Гъэсэныгъэр, щэнхабзэр, егъэджэныгъэр зэщІыгъун зэрыхуейм, адыгэ алфывитэр зэщхь щІыжьым теухуа унафэр (зэ кьаштэ, зэ якутэж) и кІэм зэрынэгъэсыпхъэм, бзэщІэныгъэмрэ бзэм теухуа политикэмрэ нэхъ кууэ елжьжьынур идыжьет зэхуэсым кьыщІытэтыным тэмэму сопІь.

- ДАХ-м и Хасащхьэм хэт **Кьущхьэ Догъан** тепсэльыхьащ накьыгъэм и Іуэхуэ. ДАХ-м и щытыкIэ зэрыгъэлъагъуэм, Истамбул кьыщыщэрагъэпэщыну пэкIур зэрыгъэзэлъэгъуну, дзэпсыхьныгъэ зэрыгъэгъуэгъуну, дзэпсыхьныгъэ зэрыгъэгъуэгъуну, Іуэхуэ-Кавказ зауэр

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Псалъэжьхъэр

Зы пщІым пэжищэ егъэулъий

- Акъылым и анэр гупсысэщ.
- Гум илъыр фэм къеІуатэ.
- Ныбгъуэр бгъасэми, хьэсэр и гпъапІэщ.
- Хабзэр фІымэ, бзыпхъэфІ трах.
- ЗэгурыІуэ я Іуэху псынщІэщ.
- Зы пщІым пэжищэ егъэулъий.

Адыгэпщхэмрэ уэрыхъэмрэ я хасэ.
Сурэтыр **ГАГАРИН Григорий** *ищІащ. 1840 - 1844гъэ.*

Уи щэнхабзэр зыхуэдэр къызжеІи…

● Тхылъыщ1э

«Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ «Этнография адыгов» тхылъыр.

ТХЫДЭ щІэныгъэхэм я доктор, гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщІ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий и тхылъыщІэм щыгъэІэлъыхьащ «Очерки этнографии общения адыгов», «Черкесское игрище», «Социальная организация семьи», «Отражение зла в адыгских тостах» монографиехэр. Мы тхылъыр «Адыгская историческая серия» фІищауэ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм ксыдигъэкІхэм ящыщ.

Бгъэжьнокъуэм тхылъым и пэублэ псальэм къыщыхегъэщ адыгэм тхыдэ бей зэрилъэ, и псэукІэкІи и щэнхабзэкІи нэхъри зиуэщІыныкмкІи и зэфІэкІыр зэрыпнЫр.

- Щэнхабзэр нэм илъагъу къудейракъым, атІэ жылагъуэр зэрыпсэу, псальэ къыззэрызэхуагъуэт Іэмалщ. Зэрызэпсальэ щыкІэм лъабжьэ хуэхъу хьэл-щэныр дгъэбелджьылым лэжьыгъэр щІытеухуам и щхьэусыгъэрэ аращ, - жеІэ щІэныгъэлым. Барэсбий къызэрилъытэмкІэ, лъэпкым къыдекІуэкІ хабзэр псом хуэмыдэу щынэрылъагъуэ гъуэр зыхуэдэр къыбгурызыгъаІуэр, нэгъуэщІхэм уи щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ хэзыгъэгъуаэзр.

Адыгэ лъэпкым гуапагъэр зыхилъагъуэр, благъагъэр къызэрилытэр, унагъуэ, лъапсэ зэриухуэмрэ абы щызекІуэн хуэй хабзэмрэ, пщэфІэкІэмрэ Іэнэ зехьэкІэмрэ, уэрэкъ хабзэр, щІэблэм зезыгъэужь джэгукІэхэр, щІалэгъуалэм я зэхэтыкІэр, къэфэкІэмрэ гушыІэкІэмрэ - дэтхэнэр къеббжэкІын, куэд мэхъу щІэныгъэлым кьихутамрэ зэригъэзэхуамрэ. ИкІи а псом щІэныгъэ лъабжьэ бгъдэІэщ, тхылъыр дунейпсо утыку иришэфыну.

ИСХЬЭКЪ Лианэ.

● Фэ фщІэрэ?

КъэкІыгъэцІэхэр

Тхуейнэпц1 – хмелераб обыкновенный
ТхьэкІуэмэкІыхьыдз – росичка
ТхьэкІуэмэкІыхьІунэ – дубровник
ТхьэмпитІ – любка двулистная
Тхьэгъэгурым – подбел
Тхьэмпиц – клевер
Тхьэрыкъуэф – лопух
ТхурымбЕй - хмель обыкновенный
Пlалыбэ – овсяница
ПlалыбэмэкЪущабэ – овсяница овечья
ПlомпІыш - красавка-белладонна
Пlуп – колокольчик
Пlурецэ – можжевельник

И зэфІэкІыр республикэм хуигъэлэжьэну щІохъуэпс

● ЩІэблэ

Ди республикэм зэрыгушхуэн щІалэгъуалэ и мащІэкъым. Ди ныбжьыщІэ куэд екъуалІэныгъэхэр яІэу щоджэ ди къэралым и хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм щыІэ еджапІэ нэхъыфІхэм. Абыхэм ящыщ зыщ Дзюнцъ зэныбжьэгъуГъэмкІэ урысей университетым (РУДН) туризмымрэ хьэщІэщхэм епха хьэрычэтыщІэ ІуэхуэмкІэ и институтым и 3-нэ курсым щеджэ Форись-Джэдгъэф Данил.

Джэдгъэф Данил

- СЫЗЭРЫСАБИЙРЭ сфІэфІт щІыпІэ зэхуэмыдэхэм зыплъыхьакІуэ сыкІуэнщ, - жеІэ Данил, Іэщ1агъэ хуэхъунар къыщІыхинам тепсэлъыхьу. - ИкІи абы сызэрыдихьэхым къыхэкІыу, си лэжьыгъэ апхуэдэ Іуэхуэхэм епхауэ щытыну сыщІэхъуэпсырт. Сэ сыщыІащ Алыджым, Тыркум, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Таиланды, нэгъуэщІ къэрал куэдми. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри зыр зым къыщІэхъкІыу дахэщ икІи щІэщытыкІуэ. Абыхэм щыслъэгъуа псори щызэпэслъытыжкІэ, нэгум къыщІыхьэрт ди республикэм и щІыпІэ дахэхэр. Сыт и уасэ ди Іуащхьэмахуэ лъапэ?! Ар зыхуэбгъадэ хьун щымыІэщ! ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэ псомкІи Тхьэр а щІыпІэм хуэупсам ху эдэщ. ЩІыпІэм гулъытэ тэмэм хуащІрэ нэсу зрагъэужьмэ, ар сытым дежи гурист кІуапІэу щытынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм туризмым зыщІэлъужьыныжмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэрщ Даниэ и дипломм лэжьыгъэр зытриухуар. Иджыпсту абы и практикэр щрегъэжьІуэкІ КъБР-м спортымкІэ туризмымрэ курортхэмкІэ и министерствэм. Пщэрылъ къыщащІ дэтхэнэ лэжьыгъэмэ фІэгъэщІэгъэную яужь йохьэ ар. Апхуэдэу Іуащхьэмахуэ лъапэ кІуэри, а зыгъэпсэхупІэр туристхэм къаэзрыщыхьэр зригъэщІащ; абы къихутащ сыт хуэдэ Іуэхутхьабзэхэр егъэфІэкІуэн хуэйми, щІыху нэхъыбэ къэкІуэн папщІэ къэгъэсэбэпын хуей Іэмалхэр. А къэхутэныгъэхэр псори абы къыщигъэсебэпынущ и дипломм лэжьыгъэм, нужькІэ республикэм и зыужьыныгъэм ар хуигъэлэжьэну и мурадщ.

Сыт хуэдэ ІуэхумкІи щІалэм и чэнджэщэгъуфІыр и адэ-анэрэщ. Зэщхьэгъуэхэу Михаилрэ Нинэрэ я щІалэ закъуэр хуаущий фІым, гуапагъэм, хьэлэлагъэм, абыкІэ езыхэри щапхъэ нэсщи, адэ-анэм я дуней тетыкІэр къуэм и гъуазэщ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Лианэ.

● Къэпкъ шхыныгъуэхэр

Дзасэкіэ гъэжьа мэлылрэ кіапэрэ

Нэхъ къызыхэщыкІыпхъэр лыпІэщ, куэлым е тхыцІэлым щыщу. ЛыпцІэр псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, тІэкІу ягъэжэпхъри, г 25 - 30 хьу тыкъыр цІыкІуурэ яупщІатэ. Ещхьыркъабзэу мэл кІапэри яупщІатэ, г 30 - 35-рэ хъууэ. Лы, кІапэ упщІэтахэр тепщэчым ирилъхьы, абы шыгъу хадзэ, бжьыныщхьэ упщІэта халъхьэ, шыбжий сыр хьэжа трагъэщащэ, псы щІыІэ тІэкІу хакІэри, фІыуэ зэІащІэ. И псыр къыщІахуи щхьэкІэ бжьыныр фІыуэ зэхапЪгтІэ. Бжьыныпсым лыр щабэ ещІри, жьэгъуафІэ мэхъу.

Апхуэдэу зэхалъхьа лыр, кІапэр и щхьэр тепІауэ дакьикъэ 20 - 30 хуэдизкІэ щІыІапІэ ягъэув, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкІэ. Абы и ужькІэ лыми кІапэми кІэрыпІ бжьын упщІэтахэр кІэрахри, дзасэм япэ щІыкІэ лыр фІаІу, итІанэ - кІапэ тыкъыриір. Апхуэдэурэ дзасэм фІэхуэр фІалъхьэри, ар ягъэкІэрахъуэрэ тхъуэплъ дахэ, хьэзыр хъуху ягъАжьэ, шыбжиипс траутхэуурэ.

Хьэзыр хъуа шхыныгъуэр дзасэм къыфІаХри, тепщэчым и кум иралъхьэ, и бгъуитІымкІи бжьын цІынэ гуалъхьэ. Пщтыру яшх, пІастэ хуабэ, мырамысэ, чыржьн, мэжаджэ и гъусэу. Трафыхьыж шхупс, шз хуабэ, махъсымэ. Мы ерыскъыгъуэр нэхъ щапщэфІыр гъатхэм дежщ.

Халъхьэхэр (цІыхуит Іыхьэ): мэлыпу - г 200, кІапэу - г 200, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 60, псы щІыІэу - г 100, бжьын цІынэу - г 50, шыгъуу, шыбжийуэ, шыбжиингу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.

● Узыншагъэ

Жыджэру лъы ят

Мэлыжьыхьым и 26-м Урысей Федерацэм и хэгъэгухэм щекІуэкІащ «Авто-Мото-Донор» урысей псапащІэ Іуэхуэ. Хабзэ хьуауэ екІуэкІ апхуэдэ Іуэхуэгъэм и къалэн нэхъыщхьэр машинэ зезыгъакІуэхэм ящыщу лъы зытхэм я бжьыгъэм Іуэхуэгъэм хэгъэхъуэнрщ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и щыхэхэри жыджэру хэтщ апхуэдэ псапащІэ. Абыхэм Апхуэдэу мы илъэсым и щІышлъэ мазэм щегъэжьауэ мэлыжьыхьым и 1-м нэсыкъ республикэм лъы щызытхэм я бжьыгъэм щыхуэ 2084-р кьаухъхьащ. И Іыхьэ къэс щыхуэ мини 8-м нэблагъэм лъы ят. Абыхэм ящыщ куэдыр псапащІэ Іуэхум къытрагъэзэжуэ хэтщ.

Лъы зытым и дунейпсо мазэм ирихьэлІэу мэкъауэгъэум и 11 - 17-хэм «Лъы зытым - фІыщІэ» ещанэ урысейпсо псапащІэ Іуэхуэ екІуэкІынущ. Апхуэдэ Іуэху щхьэпэм нэхъ жыджэру хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиемрэ Потребкооперацэмкі Белгород институтым и кІудамэу Налшык дэтымрэ я студентхэрщ.

Мэкъауэгъуэм и 16-мрэ шыщхьэІум и 4-мрэ «Лъы зытхэм я щэбэт» урысейпсо акцэ щыІэнущ. Апхуэдэ махуэхэр кьыхалъхьащ дзжьащІэ ІэнатІэ Іуэтхэм лъы ятыну Іэмал яІэн папщІэ. Апхуэдэу Лъы щат республикэ центрым республикэм и кІалэхэмрэ районхэмрэ лъы щат ягъэІэпхъуэ центрхэр пІалъэ-пІалъэкІэрэ кьыщыхэІуех.

УЭСМЭН Маринэ.

Псальэзэблэдз

Екіуэкіыу: **5.** ... лъэджажэ. **6**. Вакъэ лъапщэ кІыхь. **10**. Уэшх, уэс зыщІэт жьапщыхуэ. **11**. Письмоуплъэ зэрагъэбыдэ сагъыз тІатІэ кхъуэщыныфр. **12**. «... шу гупхэр мэхасэри, зэщІошасэри ныдокІ, иныжьыдзэм ешэну, чынтыдзэр хагъэщІэну». **13**. Социалистическэ Лэжьыгъэм и ЛІыхъужьхэу Іабубэчыр Нэжмудин, Кхъуэтепхьэ Мухьэмэд, Емышэ Хьэлий, уэрэджыкІуэ Іэзэхэу Уэтэрэз Анатолэ, МуІэдэ сымэ кьыщалъхуа кьуажэ. **14**. Іэльыным, тхъэгъуэм ирагъэтІысхьэ мывэ. **17**. ІэщІэвыщІэгуп зыгъет фермэ. **19**. КІыщокъуэ Алим и ныдэ, школхэм щрагъэджу. **21**. Тарурыхъ ... псысэ ... **23**. Щхьэхуимыту яІыгъ цІыху. **24**. Адыгэ театрым и джэгуакІуэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. **25**. ТхъуцІэнэ щІэпхуэмэ, ар къонэ. **26**. Къуацэчыцэм къыпыкІэ пхъэщхьэмыщхъэ фІыцІэкъащхьэфэ ткІыбжь. **28**. «Нобэ хъэхъуэу къыпхужаІар ... Тхъэм ищІ». **30**. Пащтыхьым, хъаным я тетІысхьэпІэ гъэщІэрэщІа. **31**. ... хъуа сэлэтыр зэуапІэм къыуахащ. **33**. А унэщІэр зэрагъэбыдэ сагъыз тІатІэ кхъуэщыныфр. **34**. «Сэ сщІа псор сІуэтэжмэ ... къысфІащынщ». **37**. Адыгэш кьабзэ. **40**. Волгэ псым адыгэр зэреджэу щытар. **41**. Къэбэрдей адыгэ усакІуэ пажэхэм ящыщ. **42**. Нэмэз ищІын и пэ къихуэу мусЛъымэным зэфІигъэкІ Іуэхугъуэ. **43**. Адыгэш лъапкъ.

Къехьу: **1.** Дэрбзэр хьэпшыпІ. **2**. Адыгэ драматург цІэрыІуэ, «Дагестан гъуэ», «Лашын», Хьымсад» пьесэхэр зи ІэдакъэщІэкІ. **3**. ЛІыгъэшхуэ зезыхьа зауэлІым хэкум и ... лъапІэ хуагъэфэщащ. **4**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **7**. А унэщІэр зэрахьэ: Хьэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэми Зеикъуэ щыщ уэрэдыс цІэрыІуэми. **8**. Шэжьипс гъэфІэІуа. **9**. ГуфІэгъуэ Іэнэм бгъэдэсэм я ІуэхутхьэбзащІэ. **15**. Хьэпщхупщ. **16**. ХьэгъуэлІыгъуэ, нэгъуэщІ гуфІэгъуэ къезыхьэжьэхэм апхуэдэ Іэщ1агъэ зиІэ цІыху ирагъэблагъэ хабзэщ. **18**. Къэпца, къэушырыба. **19**. Щыгъэ пъапІэр абы кьыхащыкІ. **20**. Джылахъстэнейхэр кІэлыпдорым апхуэдэущ зэреджэр. **22**. Хадзэм ирагъэувэ бзугъащтэ. **27**. Зи пхъафэр щхъуантІэ-хужьыфэ жыг, мафІэдз, тхылъымпІэ хуэдэхэр кьыхахыу. **29**. Псым и куупІэ. **32**. Зэрыгъар зи нэІум кьищ. **35**. Налохэ Ахьмэдхъан, Заур сымэ къыщалъхуа кьуажэ. **36**. « ... и дыгъуасэхэр» - Щоджэнщ1ыкІу Алий и поэмэ. Е цІыхухъуцІэ. **38**. Щыхь ин пхъэщІ. Е цІыху кьарууфІэ. **39**. КьурІэн цІыкІу.

Зэхэзыгъэхьар **МЫІЗ Ахьмэдщ.**

Мэлыжьыхьым и 21-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **6**. Бжьэф. **7**. Ажэгъуэмэ. **8**. Пхъэхь. **10**. Мыхъур. **11**. Уэз. **12**. Щхьэм. **13**. Кьурэ. **16**. Пхъы. **17**. Умар. **18**. Иман. **23**. Уэркъ. **25**. Ныбаблэ. **26**. Бжей. **27**. Хьэлькъ. **28**. Бзыхьэхэр. **31**. Джатэ. **36**. Щыкъун. **37**. Ерыщ. **40**. Ажэ. **42**. Хьэгі. **43**. Іэущыкъ. **45**. Таж. **46**. Танэ. **47**. Псыжь. **48**. Мухьэрэб. **49**. Фырэ.

Къехьу: **1**. КІэгъуасэ. **2**. Тэрмэш. **3**. Даур. **4**. Пьэпщ. **5**. ПхъэмпІэ. **6**. Бжьакъуэ. **9**. Хьэтыкъ. **14**. Кьады. **15**. Брул. **17**. Уд. **19**. Нэ. **20**. Бэзэр. **21**. Іуащхьэ. **22**. Къуентхъ. **24**. Кьыкъ. **26**. Бэдж. **29**. Закъуэ. **30**. Хуарэ. **32**. Щуд. **33**. Кьущ. **34**. Хьарып. **35**. ХьэІуцьдз. **38**. ПхъэцІыч. **39**. ЯтІэкъуэ. **41**. Дамэду. **44**. Хьурмэ. **46**. Тебэ.

● ЖыІэгъуэхэр

Насыпым елъэпауэр мэджалэ

- **ПІу зэхуопсалъэ: зым нгъэпщкІур адрейм къыщІегъэщ.**
- **Хъуэнэн-цэнэн, тхьэусыхафэр гъэшІэн сыт хуэдэхэр балигъыпІэм имыувам и лексикэщ.**
- **ЦІыхум и гум унхьэфмэ, уэ тебдза уІэгъэ щыпІалъагъэжьынщ.**
- **ЩІыуагъэ ялэжьауэ къыщІалъытэр щыхитьафэр мыхъумэ, зэран щыхъуракъым.**
- **КъулыкъушІэм нэхъыбэ елъагъу - къыпІысыху.**
- **Зи чэзу гъаГъуныгъэрэ нужьрей дыдэу къыпфІэщынущ.**
- **Уи нэр къыщІэхъэрызэыпхъуэм зэ кІэпъыпІтыжьыф.**
- **Зи къару илъыгъуэм щІэгъэжьуэн и куэдщ.**
- **Лей къызылтыысым итъ ищІэжьыну и къарур хуэнэмысщ, и псэм игъэгъуркъым.**
- **Насыпым елъэпауэр мэджалэ.**
- **Лыгъэ зыхэлъыр щэныфІэщ, къэрабгъэм зегъэхъу.**
- **ЦІыхур бэшэчу щытын хуейщ, зиІыхуэ хъумэ, зэфІэмыщэхэм хуэдэу.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

КуцІ илъкъым

● ГушыІэ

ДИЗЫКЪУАЖЭ цІыхугъэ гуэр иІэт, мэзышхуэм пэмыжьжь къуажэ щыкІуэ дзэу. Ар фадэм дихьэх хьуауэ гу щылытэм:

- Ей, ныбжьэгъу, уи хьэлыр сигу ирихьыжьркъым, фадэм текІуаи, абы фІым хуишаи сыхъуэзакъым сэ. Ар уи нэрыгъ хьумэ, факьыр уищІынщ, уи акьылым урихунщ, икІэм-икІэжьым утекІуэдэжьпэнкІэ хьунущ, - жриІащ абы зэгъэрым Дизыкъуажэ.

- СэщІыгъэтыркъым, армыхьэмэ гъуэгу мыгъуэм сызэрежьэр сэри сощІэж, къэзлэжьри схурикъужьыркым. Иджы хьунщІакІуэхэм сахьихьэну араш мурад сщІар. Ауэ уэ сумыІуатэ. Нэгъэущ1 Іэмал згъэтыжьыркым, абыхэм ирафыни яшхыни гъунэжу ягъэт…

- Абы щыгъуэщ уи кІэр бжьыхым щыдэпхуэжьыпар…

Дизыкъуажэ и зы гъунэгъу и гъусэу пщэдджьжь гуэрым мэзышхуэм кІуэрэ пэт, гъуэгубгъу пабжьэм щэІу макъ гуэр кьыхэІукІырт. МэзакІуэхэр бгъэдыхьэрэ епльмэ, Дизыкъуажэ и щыхьгъэр, и накІэм льыр кьежьхьу щыльт.

- Мыр сыт?! Нэхумыщым мыбдежьи дауэ укъыщыхуэта? - ЗэкІэлъыгъэпІащІэу ёоупщІ абы Дизыкъуажэ.

- Ны… ныжьбэзэ зы… зыгъэр къэтхъунщІэри дызэре…регъэфжажэщ…

- НтІэ?!

- ДыкьызыздэкІуэжьм зы ды… дыжьынкъамэ зэпэдубыдри дыззззуэжащ, - ерагъкІэ кьыдришейуэрэ къэпсэльащ уІэгъэр.

- ДэнэкІэ кІуа-тІэ уи гъусар?

- СщІэ… сщІэркъым, зэ… зэпыту укІуэхэ.

- Узущий пэтми, хьуакъым! Уи нэгу щІэкІа иджы хьунщІакІуэ-ефакІуэхэм я псэукІэр, я зэхэтыкІэр?! - хьущІэурэ уЗгъэр ипхэрт Дизыкъуажэ.

- Хуэсакъ, уэлэхьи, шэр и щхьэ куцІым кьыхэна сфІощІмэ, - къэпсэльащ шынащэрэ иригъэлейуэ Дизыкъуажэ и гъусэр.

- Кьыхэнакъым-тІэ, - кьыфІэІуэхуакъым абы жиІар Дизыкъуажэ.

- СыткІэ къэпщІа занщІэу?

- КъэщІэгъуейар! Абы и щхьэм куцІ илъкъым, шэр хэнэн хуэдэу. Ильу щытамэ, е сэ, е нэгъэущІ зыгуэрым жиІэм едгІуэнт.

ЖЫЛАУ Нурбий.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Ди газетым и къыкІэлыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур накъыгъэм и 3-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыкъуэ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Тлотлир Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькъаер Алик.**

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» тезгъэр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуэщ1апІэхэм ядэлажьэныжмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; эдэлэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ и щІэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхуэщ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къудокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактор ЖьэкІэмыкъуэ Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инир *(1, 2, 3, 4-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(5, 6, 7, 8-нэ нап.), корректорхэм я обЪІныкъуэкІэр* Мырзэкан ФатІимэ, *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* Ныр Сандэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанизщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.000 ● Заказ №1120